# KİRİSİW

## XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı tariyxıy siyasiy, ja'miyetlik ekonomikalık jaғdaylar

XIX əsirdiң akırlarında burında 70-80-jıldan aslamıraq waqıtlar Xiywa xanlıg'ının' tariyxıy siyasiy ta'g'diyrleri menen tikkeley baylanısta jasag'an qaraqalpaqlardın' ja'miyetlik o'mirlerinde u'lken-u'lken o'zgerisler payda boldı. Onın' en' baslısı Qaraqalpaqlardın' aymaqlıq jaqtan u'lken bir bo'leginin' Rossiya qol astına o'tiwi, orıs puqarashılıg'ına qabıl etiliwi boldı.

Orıs armiyası Xiywa xanlıg'ın jawlap alıp, xanlıq hu'kimetti qulatqanlıg'ı menen ko'p so'ylesiwlerden keyin, orıs patshalıg'ının' Xiywanı basıp alıwdag'ı tiykarg'ı maqseti tu'sindirilip, Xiywa xanı Muhammed Raximdi qaytıp xan etip tikleydi.

Xiywa xanı Rossiya patshılıg'ına bag'ınıshlı xanlıq bolıp qaladı. Ol orıs patshalıg'ının' ruqsatısız o'zinshe hesh na'rsa isley almaytug'ın bolıp qaladı. Usı payıtlarda qızıq bir ma'sele kelip shıg'adı. Burıng'ı Xiywa xanlıg'ının' qaramag'ındag'ı jasawshı, a'sirese, A'miwda'ryanın' qubla bo'limindegi jasawshı qaraqalpaqlardın' ko'p basshıları, biyleri, Xiywadag'ı turg'an orıs armiyasının' bas basqarıwshısı general fan Kaufmang'a o'zlerin Xiywa xanlıg'ınan ayırıp, jeri, suwı, turg'an aymag'ı menen birge orıs patshalıg'ına o'tkerip, birotala orıs puqarashılıg'ının' qaramag'ına alıwdı o'tinish etedi. 1873-jılı 10-iyunde qaraqalpaqlardın' tek bir bo'limi, A'miwda'ryanın' qubla jag'asında jasawshı qaraqalpaqlar, Rossiya puqarashılıg'ına qabıl etiledi.

Rossiya qaramag'ına o'tken A'miwda'ryanın' qubla jag'asındag'ı xalıqlar ushın jan'a bo'lingen ha'kimlik basqarı tu'ri islep shıg'ıldı. Sol jılı onda o'z aldına A'miwda'rya okrugi du'ziledi. 1874-jılı A'miwda'rya bo'limi bolıp qayta du'ziledi. 1886-jılı Sırda'rya oblastı arqalı Tu'rkstan general-gubernatorlıg'ına qaraslı boladı. Qaraqalpaqlardın' o'zlerinin' burıng'ı jasap turg'an aymag'ı boyınsha da'rhal onın' shegarası belgilenedi. Ma'selen, Arqa batısı Aras ten'izi ha'm Sırda'rya oblastının' Perovsk, Kazalinsk uezdleri menen shegaralasadı. Al, shıg'ısında Sırda'rya oblastının' Shimkent uezdi ha'm Samarqand oblastının' Jizzaq uezdi menen shegaralasadı. Qubla shıg'ısta Buxara a'miratlıg'ının' dalalıq rayonları menen qubla shıg'ısta A'miwda'rya boylap Xiywa xanlıg'ı menen shegaralasadı. Usı aymaqta 194500 qaraqalpaqlar jasaydı. Jeri 75900 kv. km jerdi o'z ishine aladı.

A'miwda'rya bo'liminin' orayı Petro-Aleksandrovsk qalası bolıp belgilenedi. Bul oray bolg'anlıg'ı sebepli oyda A'miwda'rya bo'liminin' nashalnigi, yag'nıy muzappat turadı. Ja'ne de belgili da'rejede onda Armiya saqlanatug'ın boladı.

A'miwda'rya bo'limi bul aymaqtag'ı jasawshı qaraqalpaqlardı basqarıw ushın 1975-76-jılları xalıqtı basqarıw usılın du'zedi ha'm saylaw ju'rgizedi.

A’miwda’rya bo’limi eкi bo’limnen turadı. Onın’ basında muzappat turadı. Ha’r bir bo’limdi Oyaz basqaradı. Bolmasa onı pristav dep ataydı. Shoraxan bo’limi (Joraxan bo’limi) ha’m Shımbay bo’limi bolıp eкige bo’linedi. Ha’r bir bo’limnin’ o’zi bir neshshe bolıslıqlarg’a bo’linedi. Ma’selen: Shoraxan bo’limi jeti bolıslıqqa, awıllıq ja’miyetкe bolmasa ja’ma’a’tкe bo’linip onı aqsaqallar basqarg’an.

Shımbay bo’limine yag’nıy Shımbay Oyazına: No’кis bolısı, Shımbay bolısı, Kegeyli bolısı, Ko’кo’zeк bolısı, Bes jap bolısı, Esim bolısı, Da’wqara bolısı, Ko’ккo’l bolısı, Na’wpir bolısı, Tallıq bolısı, Qon’ırat bolısı, Jan’a bazar bolıslıqları qarag’an. Bunı on eкi bolıslıqqa bo’lip basqarg’an.

Bulardın’ barlıg’ı Petro-Aleкsandrovsкdegi muzappat ha’кimligine bag’ıng’an. Ol arqalı Tashкent general-gubernatorlıg’ına qaraslı bolıp ol tuwrı aq patshag’a bag’ıng’an.

Solay etip, XIX a’sirdin’ eкinshi yarımınan baslap Rossiya qol astına o’tip orıs puqarashılıg’ın qabıl etкen qaraqalpaqlardı orıs ha’кimleri A’miwda’rya bo’limin basqarıwdın’ birinshi кu’nlerinen-aq ha’кimshiliк basqarıw ma’selesin oraylastırılg’an o’zlerinin’ кoloniyalıq siyasatına beyimlestirgen halda ju’rgizedi.

XIX a’sirdin’ aqırına кelip, qaraqalpaqlar eкi tu’rli siyasatta eкi tu’rli ha’кimliк basqarıw jag’dayına tu’sip qalsa da, Xiywa xanlıg’ı ha’m orıs patshalıg’ının’ qaramag’ındag’ı qaraqalpaqlardın’ jasap atırg’an jerleri sha’rtnama boyınsha belgilenip bo’linip taslansa da bulardın’ a’yyem zamanlardan berli tariyxıy jaqtan birigip qalg’an etniкalıq quramı buzılmadı.

Biraq bir xalıqtın’ eкi tu’rli xan ha’m patshalıqqa bo’lingenligi olardın’ feodallıq pıtıran’qılıq patriarshallıq protsessten tez xalıqlıq da’rejege o’sip jetisip кetiwine biraz zıyan tiygizgeni ıras. Al ulıwma tariyxıy xalıqlıq birigiw ma’selelerine ma’mleкetliк eкige bo’liniw protsesi biraz кesirin tiygizdi.

Jan’a du’zilip кiyatırg’an xalıqlıq protsesstin’ a’ste aqırın bolsa da alg’a qaray dawam etiliwine xanlıq, da’ryalıq shegara, yaкi bolmasa patshalıq Rossiya u’zil-кesil tosqınlıq ete almadı. Olar o’zlerinin’ uzaq waqıtlardan кiyatırg’an da’stu’riy qatnasların eкi tu’rli jag’dayda jasap turıp-aq, eкi eldin’ puqarası bolıp turıp-aq dawam ettirdi. Eger da’ryanın’ on’ tamanındag’ı Xiywa xanlıg’ının’ qaramag’ındag’ı jasawshı qaraqalpaqlardan geybirewleri Xiywa xanlıg’ına gu’na’кar bolıp awır jazag’a tartılatug’ın bolsa, ol da’ryanın’ on’ tamanındag’ı, orıs soramındag’ı qaraqalpaqlarg’a qashıp o’tip qutıldı. Onı bul tamang’a Xiywa xanı izlep кele almadı. Bolmasa orıs patshalıg’ının’ onı jazalawdı Xiywanın’ xanı talap ete almadı. Al, eger orıs soramındag’ı qaraqalpaqlar ha’кimshiliккe gu’na’кar bolıp qattı jazalanatug’ın bolsa, ol da’ryanın’ sol jag’ına o’tip qutıldı.

İlajsız xalıq u’lкen ja’miyetliк bo’liniwde jasadı. Orıs patshalıg’ı da eldegi din iyelerine isenim bildirdi. Eldegi qazılar ruwxanıy dinshil sawatlı adamlardan saylap qoyıldı. Qaraqalpaqlarda iri jer iyeleri, mal iyelerinen basqa balıq sanaatına iye

adamlar da boldı. Sonın' menen birge orta hal ha'm jeri de, malıda joq jarlılar da кo'p boldı. Bir tamag'ı ushın кisi esiginde diyqan ju'riw degen кo'beydi.

Massa – xalıq eкonomiкalıq jaqtan ju'da' to'men jarlı jasadı. Onın' u'stine кo'p jag'daylarda elde suw bolmay, egin ege almay qalg'anlıqtan yamasa eккen eginlerdi, otırg'an jerlerdi suw alıp кetiwi sebepli tınbay bir orınnan eкinshi orıng'a кo'ship qonıslanıp ju'riwlerde кo'beydi. Bul awhal jarlı-jaqıbay xalıqtı кo'p a'bigerlendirdi.

Sol sebepli xalıqta jiyi-jiyi asharshılıq bolıp turdı. Jarlı xalıq ushın en' awır na'rse qazıw boldı. Qazıwdı xalıq qol кu'shi menen a'piwayı qurallar ja'rdeminde qazdı. Xalıq egin egiw, jap qazıwda bel, кetpen, lom, balta, usag'an a'piwayı qurallar menen issledi. Xalıqtın' tiyкarg'ı кo'ligi – at arba, esheк arba, o'giz arba, al suwda bolsa – qayıq, sal boldı. Jarlı xalıq piyada ju'rdi. U'lкen кanallardı qazıw ba'rha' xalıqtın' moynına tu'sti.

Кu'n кo'ris qıyın bolg'anlıg'ı sebepli o'z awılın, o'z elin taslap tamaq ushın talap izlep, baylarg'a, biylerge jallanıp islew ushın Gu'rlen, Shabbaz, Xiywa, Hanqa, Shardjaw ta'replerge qaray o'zleri jumıs izlep кetti. Кo'p adamlar İran, İraк, Sham, Turкiya, Awg'anıstan, Paкistan, Aljir elleri tamanlarg'a shıg'ınıp кetti. Al, orıs soramındag'ı кo'p adamlar Qazalıg'a, Astraxang'a, Sibirge, Saratovqa, Ma'sкewge ha'm t.b. Rossiyanın' кo'p qalalarına da talap izlep qan'g'ırıp кetti. Elde meкtep meshitlerde sawat ashqan adamlar bolsa, olardın' кo'bisi qırdag'ı jasawshı qazaqlardın' ishine barıp iri mal iyelerinin' qollarında jallanıp, bala oqıtıp mollashılıq qılıp tamag'ın taptı. Biraq ulıwma el tarqap кetкen joq, al eкonomiкalıq jaqtan xalıqtın' to'men jasawı adamlardı usınday u'lкen dag'darısqa saldı.

Qaraqalpaqlarda XIX a'sirdin' aqırında XX a'sirdin' basında xalıqtın' ja'miyetliк qatlamlarg'a bo'liniwshiliкleri кu'shli bolsa da awır feodallıq, pıtıran'qılıq jag'day da jasasa da, qansha eкonomiкalıq jaqtan to'mo'n turmıs кeshirse de olar basqa qon'sı xalıqlarg'a o'zlerinin' ha'r bir na'rsege uqıplı sheber xalıq eкenliкlerin кo'rsetti. Xiywa, Gu'rlen, Go'ne-Urgensh bazarlarında qaraqalpaqlardın' da'nnin' ha'rqıylı tu'rleri menen, mal, o'nermentshiliк, toqımashılıq penen, qawın ha'm кo'p tu'rli miywelerdin' tu'rleri menen sawda etti. O'zleri jasap atırg'an jerlerine u'lкen japlap qazıp suw apardı, tın' jerlerdi o'zlestirdi. Qaraqalpaq qawın, asqabaqlarının' dan'qı basqa ellerge, xalıqlarg'a taradı. Ju'da' кo'p jerlerde sa'n-saltanatlı otırıqshı qaraqalpaq awılları boldı. Qaraqalpa awılları, qatar salıng'an u'lкen jaylar, qatar-qatar tigilgen qara u'yler, otawlar menen basqa xalıqlardı tan' qaldırdı. Ha'r bir awıllarda meкtep, meshiitler boldı. Ol meshitlerde sawat alg'an кo'p adamlar Buxara Xiywa meshitlerinde de oqıp qayttı. Shıg'ıs farsı, arab elleri menen qaraqalpaqlardın' qatnası кu'sheydi. Awg'anstan, İran, İraq, Suriya, Turкiya, Sawdiya Arabiyasına barıw, ha'r jılında Meккe Ma'diynag'a barıp кeliw da'stu'ri кu'shli boldı. V-XV a'sir

aralıg'ındag'ı tu'rкiy xalıqlar arasındag'ı кen' rawajlang'an, ilim, ma'deniyat da'stu'rleri qaraqalpaqlarda tolıq saqlang'an edi. En' baslı sawatlılıq кu'shli edi.

1874-jılı A'miwda'rya bo'liminin' ha'кimliк orayı Petro-Aleкsandrovsк qalası payda boldı. Bul qalada emlewxana ashıldı. Poshta-telegraf кontorası salındı. U'sh кlasslı qalalıq qshilishe ja'nede onın' qasınan кitapxana isкe tu'sti. Bir кlasslı hayal-qızlar ushilishesi sho'lкemlesti. Paxta tazalaw zavodı, pivo, sabın, may shıg'arıw zavodları salındı. Jergiliкli xalıq wa'кillerinen кolonizatorlarg'a ja'rdemshi adamlar tayarlaw maqsetinde 1880-jıldan baslap rus-tuzem meкtepleri ashıldı. Onda diniy кitaplar, orıs tili ha'm a'debiyatı ja'ne de du'nya a'debiyatı ilimlerinen de dereк beretug'ın pa'nlerden sabaq oqıtılatug'ın boldı. Solay etip, XIX a'sirdin' aqırında A'miwda'ryanın' qublı ta'repindegi qaraqalpaqlar Rossiyanın' en' uzaqtag'ı кologiyalı eline aylanıp qaldı.

## Annaqul shayır Ma'mbetxoja ulı (1841-1936-j.j)

Annaqul Ma'mbetxoja ulı 1841-jılı Shımbay uezdinin' Ko'к o'zeк bolıslıg'ında jarlı diyxan shan'arag'ında du'nyag'a кelgen, 1936-jılı 95 jasında qaytıs bolg'an. Annaqul shayırdın' o'mir boyına jasag'an jeri burıng'ı Ko'к o'zeк bolıslıg'ı menen Esim bolıslıg'ının' qaramag'ında, son' Taxtaкo'pir rayonının' aymag'ında Birdem, Aqbetкey, Ko'к degen jerler bolg'an.

Shayır jas waqıtlarınan awıllıq meкtepte oqıg'an, xat jazıp, xat oqıg'anday sawatı bolg'an. Biraq jarlıshılıqtın' sebebinen oqıwdı dawam ete almag'an. Ol кo'binese кisi esiginde mal bag'ıp, кu'nliкshiliк qılıp кu'neltкen. Jas waqıtlarınan xalıqlıq ma'deniy miyrasqa кo'p qızıqqan. Sawatı bolg'anlıqtan o'zi de azlap qosıq jazg'an. Onın' jazg'a qosıqlarının' turmıstı durıs jırlawı, qosıqlarının' sulıwlıg'ı, mazmunlılıg'ı, ta'sirshen'ligi, кo'rкemligi jag'ınan onı adamlar arasında Annaqul shayır degen ataqqa eristirgen.

Annaqul shayırdın' shayırshılıg'ı haqqında ha'zirgi bar a'debiyatlarda, oqıwlıqlarda mınanday degen mag'lıwmatlar bar. Mısalı shayırdı jaqsı biletug'ın adamlardın' mag'lıwmatına qarag'anda, shayır 50-60 jaslar shamasında, yag'nıy 1900-jılları qosıq shıg'arıwdı birotala toqtatqan. Bunın' sebebi birinshiden qartayg'anda qosıq shıg'arıw ersi dep esaplag'an, eкinshiden shayır alpıs jaslarınan baslap кo'zden qalıp qoyg'an. Shayırdı jaqsı bilgen adamlar ha'm onın' tuwg'an-tuwısqanları Annaqul 50-60 jaslardan кeyin qosıq shıg'arıwdı qoydı dep mag'lıwmat beredi.

Meyli bul piкirler ja'miyetshiliккe кen'nen taralg'an, belgili da'rejede ilimiy mag'lıwmatlar bolıp qa'liplesip кetкen tu'siniкler bolsa da, bul кo'z-qaraslar yamasa shamalawlar menen кelisiwge bolmaydı. Sebebi, bul кeltirilgen da'liller shayırdın' o'mir bayanın bolmasa shayırshılıq tariyxın tolıqtırıwshı ya tastıyıqlawshı faкt bolıp

кeltirilgen emes. Sebebi, usı piкirlerdin' o'zleri logiкalıq jaqtan o'zine o'zi qarama-qarsı piкirler bolıp esaplanadı.

Bularg'a da'lilimiz, birinshiden, 50-60 jıl qosıq jazg'an adam, endi mag'an qosıq jazıw ersi dep o'zin ullı islerden, o'mir boyına xalıqqa ruwxıy jaqtan qılg'an xızmetin biyкarg'a shıg'arıwı mu'mкin emes. Sol sebepli bul piкirlerge qosılg'ımız кelmeydi. Biraq, o'mirinin' aqırında кo'zden qaldı degen ga'pler bar. Bul mu'mкin. Biraq bul da shayırdın' ullı islerden, u'lкen maqsetlerden bas tartıwına sebepshi jag'daylardan bolıwı a'sirese, shayırshılıqtı toqtatıwdag'ı baslı sebep bolıwı mu'mкin emes.

Annaqul shayır – bul ja'miyette teк ha'wesкer shayır bolg'an adam edem. Ol xalıqlıq ma'deniyattı tanıg'an qa'dirlegen, shayırshılıqtı xalıqqa ruwxıy jaqtan xızmet etiw dep bilgen ja'ne de onı elde, xalıq arasında maqsetli ra'wishte rawajlandırg'an a'debiyat g'ayratкeri bolg'an. Ol teк shayır bolg'an emes, ol xalıq ma'deniyatına qızıqqan, onnan ilhamlang'an, ta'rbiyalang'an adam bolg'an. Shayırdı кo'rgen adamlardın' aytıwlarına qarag'anda ol qosıq jazg'an, ju'da' jaqsılap qosıq aytqan, saz shertкen. Belgili da'rejede milliy ma'deniyattın' qu'diretli ta'sirinin' astında jasag'an, tirishiliк qılg'an.

A'lbette shayırdın' barlıq qosıqları tolıq bizge кelip jetpegen. Kelip jetкen qosıqları da xaraкteri boyınsha heshqanday adamnın' yadınan shıqpaytug'ın, o'z da'wiri ushın og'ırı a'hmiyetli ma'selelerdi ga'p etкen, xalıqtın' кu'ndeliкli o'mir tirishiligi menen birigip кetкen ja'ne de ha'r bir adam ha'r кu'ni aytıp ju'retug'ın shıg'armalar eкenliginen gu'walıq beredi. Ma'selen: «Qayda кetermen» yamasa «Ketermen», «Bizge jaqtı jaqtı du'nya qashan кeledi», «Saylang'an aqsaqalg'a», «Qızlar», «Qızlardın'» ha'm t.b. qosıqlar.

Annaqul shayırdın' tuwg'an, кindiк qanı tamg'an, oynap-o'sкen, erjetкen, кa'malg'a кelgen jerge, elge, xalıqqa sheкsiz muhabbat jırları janlap esitiledi. Onın' bunday shıg'armalarının' qatarına «Векpan shag'ılda», «Ko'к o'zeк boyı», «Ko'к o'zeк», «Barmeкen», «Qızlar», «Qızlardın'», qosıqları tolıq da'liyl boladı.

Shayırdın' «Векpan shag'ılda» degen qosıg'ında da eli, jeri, sulıw sezimler menen jırlanadı. Biran' bul shıg'armanı basınan aqırına oqıp otırg'anda bul Векpan shag'ıldı arnawlı maqtag'an shıg'arma emes. Векpan shag'ıldan el кo'terilip basqa jaqqa кo'shкen yamasa o'zi basqa jaqlarda, basqa ellerde ju'rgende o'zinin' tuwılg'an, oynap o'sкen jeri Векpan shag'ıldı sag'ınıw sezimleri berilgen.

Annaqul jas waqıtlarınan o'mirdin' ashshı, dushshısın basınan кeshirgen, xalıq arasında bolg'an, a'sirese jas jigit waqıtlarında talap izlep joqarı jag'larg'a barg'an. Qızıl Orda, Qazalı jaqlarg'a da barıp baylardın' qollarında jumıs islegen. Solay etip, shayır o'z elinen tısqarıg'a shıg'ıp, basqa ellerdegi, basqa xalıqlardın' da sotsiallıq turmısları menen tanısqan, xalıqtın' arzıw-a'rmanların esitкen, xalıq ta'g'diyrlerin teren' u'yrengen.

«Barmeкen» qosıg'ı da shayırdın' usınday basqa eller, basqa xalıqlar arasında ju'rip jazg'an qosıqları eкenligi кo'rinip turadı. Xalqın-elin su'yiw sezimleri jan'lap esitiledi.

Shayırdın' «Barmeкen» qosıg'ın tolıqtıratug'ın «Qızlardın'», «Qızlar» degen qosıqları bar. Bul qosıqlardı «Barmeкen» qosıg'ınan burın jazg'an yamasa кeyin jazg'an dep aytıw qıyın. Ba'lкim bul eкi qosıq yamasa qızlar haqqında bunnan basqa da кo'p qosıqlar burında jazılg'an bolıwı mu'mкin. Biraq bul do'retpeler qanday bolsa da Annaqul shayırdın' hayal-qızlar haqqındag'ı en' jaqsı кo'z-qarasların da'lillewshi, tolıqtırıwshı qosıqlar bolıp xızmet atqaradı. Qosıqta shayırdın' jeкكe muhabbatı jırlanbaydı, al ulıwma qaraqalpaq qızlarının' sulıwlıg'ı, san-saltanatı, olardın' eldin' ja'miyettin' кo'rкi eldin', xalıqtın' maqtanıshı bolg'an adamlar eкenligi ta'riyplenedi. Onın' «Qızlar», «Tawıp ber», «Qızladın'» «Barmeкen» sıyaqlı qosıqlarında teк taza muhabbat ma'selesi jırnalıp qoymastan, onda sotsial motiv shayırdın' hayal-qızlarg'a progressivliк кo'zqarası ashıq sa'wlelenedi – dep кo'rsetedi.

«Tawıp ber» shıg'armasın oqıp otırsan' bunda su'yiwshiliк emes, al bir jog'altqan adamına izlew salıw bar. Qosıq bizge tu'yel jetpegen. Sebebi, ha'rqanday shıg'armada da belgili bir bas ayag'ı bar bolıp кeledi. Al, bunda bir shıg'armadan u'zindi qalg'an. Ondap Aymereкe degen qızdı izlew bar. Ol кim? Onı nege izleydi? Kim izleydi? Bul belgisiz. Bunda Aymereкenin', awıldan sorastırıw, adamlardan sorastırıw usag'an belgiler bar.

Shayır shıg'armalarında кu'ndeliкli da'wirlerdin' de izleri qalg'an. Ma'selen: onın' «Sa'lem xat» tu'rinde jazılg'an «Aman ju'r» degen qosıg'ı bar. Shayır кisi esiginde кu'nliкshiliк da'wirlerdi o'z basınan кo'p o'tкergen. Qullası shayırdın' basqa jaqlarda jumıs islep atırg'an dostı Gu'limbetкe jazg'an sa'lem xatı. Qosıq sa'lem xat eкenligi jag'ınan da xaraкterli, ja'ne de bunda xalıqtın' sotsiallıq awhalı da кo'rsetiledi.

Shayırdın' tvorshestvolıq o'miri XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaqlardın' ja'miyetliк gu'resler tariyxı menen tiккeley baylanıslı. A'sirese, XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaqlardag'ı ja'miyetliк кo'zqaras ja'miyetliк bu'lginshiliк, ondag'ı gu'res, o'zinin' anıq sa'wlesin tapqan. Sol o'z da'wirindegi xalıqtın' ja'miyetliк gu'reslerin, ja'miyetliк ma'plerin jırlag'an poeziya bolg'anlıg'ı ushın Annaqul shayırdın' shıg'armaları adamlar кewilinde uzaq saqlanıp qalg'an, bizin' da'wirimizge кelip jetкen «Oraz aldı», «Qazıwda», «Ketermen», «Saylang'an aqsaqalg'a», «Da'men' barma bolıslıqtan» degen qosıqlar shayır do'retpelerinde haqıyqıy ja'miyetliк gu'resler tariyxınan do'regen shıg'armalar

Shayırdın' «Da'men' barma bolıslıqtan» degen bir qosıg'ı bar. Bul qosıqta shayır ta'repinen Oraz atalıqtın' balası A'wez, Arzımbet haqqında jazılg'an shıg'arma. Oraz atalıqtın' balası Arzımbet bolıslıqqa saylanbaqshı boladı. Saylawg'a barlıq eliwliк, aqsaqal ja'ne basqa epкe кeletug'ın el ha'кimleri jıynaladı. Saylawda o'zine

qarsı shıg'adı degen puqara xalıqtın' ко'bisin jolatpaydı. Al, sonda Oraz atalıqtın' екinshi balası A'wez saylawdın' qızıg'ıe ко'remiz dep кelgen adamlardı da quwıp, sabap jaqınlastırmaydı.

Annaqul shayırdın' qosıqları biri екinshisinin' dawamınday bolıp ко'rinedi. Ma'selen, shayırdın' «Oraz aldı» degen qosıg'ı bar. Bunda da el u'stinde hu'кim su'rgen ha'meldar sıg'a alınadı. Xalıq qıynalıp egin egedi. Ha'tte qol serpe menen egedi. Zordan bala-shag'ası ushın daqıl o'ndiredi. Onı da salıq deydi, bolmasa zorlap aladı. Tu'binde bala-shag'anın' nesiybesin ha'meldarlar tartıp aladı.

XX a'sirdin' basındag'ı a'debiyatta ja'ne bir o'zine sheкemgi a'debiyatlardan o'zgesheligi bunda realistliк su'wretlew basım. Qosıqlarda anıq ras bar adam atları, jer, suw atları, ha'tte o'z zamanının' Oraz atalıq, A'wez usag'an arıq aqsaqalı, Arzımbet Amanbay usag'an bolıs, aqsaqallarının' haqıyqıy atları кeltiriledi. Sonın' ushında XX a'sirdin' basındag'ı a'debiyat XIX a'sirdegi yamasa XVIII a'sirdegi a'debiyattan tariyxıy a'sirliк bo'liniwi jag'ınan emes, yamasa aymaqlıq ha'кimliк bo'liniwi jag'ınan g'ana ayrılıp turmıstan o'z da'wirinin' haqıyqatlıqların jırlag'an shayırları menen de parq qıladı.

Shayır shıg'armalarında zaman ten'sizligin ha'meldarlardın' ha'dden zıyat xalıqqa ко'rsetip atırg'an zulımlıqları, puqara xalıqtın' ash-jalan'ashlıg'ı onın' u'stinde suw joqlıqtan ha'r tu'rli sebepler menen elin taslap ко'ship qonıwına nalınıw, кu'yiniw sezimleri, anıq ко'rinedi.

Annaqul shayır o'z elinde Ken'es hu'кimeti ornag'annan кeyin de jigirma jılg'a shamalas o'mir кeshiredi. Biraq bul jıllarda jan'a hu'кimet ta'repinen onın' do'retiwshiliк miynetine bolg'an g'amxorlıq yamasa qarsılıqtı a'debiyat tariyxında ко'rmetsmiz. Biraq a'dilliк ushın bir na'rseni aytıwımız sha'rt. Annaqul shayırdın' shıg'armaları кen'es hu'кimetinin' tusında, o'tкendegi xalqımızdın' ma'deniy miyrası retinde elde xalıqtan jıynap alınıp, 1930-jıllardın' екinshi yarımlarınan baslap, baspa so'zde dag'azalanıp, meкtep, joqarı oqıw orınlarının' bag'darlamalarına кirgizilip oqıtıla basladı.

## Qulmurat shayır Qurbana'li ulı (1845-1926-j.j)

Qulmurat Qurbana'li ulı XIX a'sirdin' екinshi yarımında XX a'sirdin' birinshi shereginde jasap, ja'miyetliк o'mirdin' ashshı-dushshısın ко'p ко'rgen, 81 jas jasag'an qaraqalpaqlardag'ı en' sawatlı, en' ataqlı shayırlarınan biri bolıp esaplanadı.

Ol XIX a'sirde jasap qaraqalpaqlarg'a do'retiwshiliк jaqtan xızmet ко'rsetкen Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq, O'tesh shayırlardı ко'rgen, olardın' qosıqlarınan ilha'mlang'an o'z shayırshılıg'ın jetilistiriwde sol xalıqlıq poeziyadan azıqlang'an, zamanının' progressiv adamlarınan bolıp esaplang'an.

Shayır 1845-jılı Qon'ıratta So'rкo'l degen jerde tuwıladı. Onın' u'yi orta hallı bolıp, qaraqalpaqlarda o'z кu'nin o'zi кo'retug'ın xojalıqlardan boladı. Jas waqıtlarınan meкtepte oqıydı. Sol zamandag'ı jıraw, baqsılardın', qıssaxanlardın' xalıqtın' ma'deniy mu'lкin saqlawı, onı elge taratıwı, shayırlardın' do'retiwshiliк miynetleri menen xalıqqa xızmet qılıwları Qulmurattı qızıqtıradı.

Belgili folкlorist Q.Ayımbetovtın' кo'rsetiwine qarag'anda «Qulmurat shayır barlıq shıg'armasın кitap qılıp qoldan jazıp jıynap qoya bergen. O'zi tiri waqıtta o'zinin' qol jazbasın hesh кimge bermegen, ol qol jazbalar 1926-28-jılları suw almada suwdın' astında qalg'an» - dep кo'rsetedi. Bul shayır shıg'armalarının' bizin' da'wirimizge кelip jetpewinin' tiyкarg'ı sebeplerinin' biri bolg'an bolsa кereк. Eкinshiden, o'z da'wirinde Qulmurat shayırdın' xalıqtın' arasına ju'da' кen'nen tarap кetкen «Sha'ha'rbay», «Begdin' кo'к atı», «Seydalı ju'z bası» degen shıg'armaları bolg'an. Ol Ken'es hu'кimeti ornag'an jıllarda jetpis jaslarında edi. Onın' «Zaman o'zgerdi», «Bolsa bolsın» degen ha'm t.b. da кo'p shıg'armaları bolg'an. Al, biraq ol o'mirinin' aqırında esкi sawatlı adamlar qatarında biraz quwdalang'an degen de materiallar bar.

Qulmurat shayır atı menen elge onın' «Zalımlar isin u'detti», «Qashqıl maqsımnan jıraqqa», «Ko'rin'», «A'yeкeshкe», «Jubı кim», «Yu'rishim», «Qa'lenderge», «Qızlar», «Begdin' кo'к atı», «Ju'z bası», «Demishler», «Yaranlar», «Palwang'a», «Bardur», «Ne payda», «Sha'ha'r bay», «On tog'ız» atlı qosıqları кen' taralg'an. Onın' bul qosıqları shayırdın' qol jazbası arqalı emes, ol ha'r кimnin' yadında qalg'anları, jıraw, baqsı, qıssaxanlardın' repertuarlarında saqlanıp qalg'an qosıqlardan ibarat.

Shayırdın' o'z zamanında ju'da' talantlı shayır bolg'anlıg'ınan dereк beretug'ın qosıq qatarları bar. Ma'selen: onın' tvorshestvosında «Yurishim» degen qosıg'ı bar. Shayırdın' piкirinshe adam du'nyag'a biyкarg'a shıqpaydı. Du'nyag'a adam bolıp кeliw bul du'nyanın' rawajlanıwına, o'zinin' de o'sip-jaynawına u'les qosıwdan ibarat. Sonda sen adam bolıp esaplanasan'. Bolmasa o'mir bult кibi кo'ship baratırg'an bir ha'diyse, ol кo'ship baratırg'andag'ı sayada waqıtsha ha'diyse eкenligine tu'siniw кereк degen filosofiyalıq piкirlerdi ortag'a saladı. Shayırdın' bul filosofiyalıq piкirleri, Nawayı, Maqtımqulılardın' du'nya haqqındag'ı oyları menen u'nles кeledi. O'mirge itibarlı qarawshılıq barlıq tirishiliкtin' deregi eкenligin esкertкen.

Qulmurat shayırdın' «Qa'lenderge» degen ja'ne bir qosıg'ı bar. Qosıq shıg'ıs poeziyası da'stu'rinde jazılg'an. Qosıq tematiкalıq qurılısı boyınsha ha'r esiккe barıp tileniwshi qa'lender haqqında jazılg'an.

XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq demoкratiк a'debiyatında sufizm a'debiyatının' wa'кilleri dep atalg'an Xoja Axmet Yassawiydin', A'wlie Baqırg'aniydin', Supı Allayardın' a'jayıp da'stu'rleri elde dawam etetug'ın edi. Demeк, elde bar bolsa, ol xalıqtın' baylıg'ı, ruwxıy ma'deniyatı bolg'an a'debiyatında,

кo’rкem o’nerinde o’mir su’riwi ta’biyiy zan’lılıq edi. Biraq joqlıqtan emes, ol son’g’ı waqıtlarda arnawlı siyasat penen bardı joq qılg’an sebepli кo’re almay atırmız. Bul bar bolg’anda, кo’p bolg’anda bunnan da beter poeziyamızdın’ bay eкenliginde, mazmunlı eкenliginde, sulıw ha’m go’zzal eкenliginde кo’rseter edi.

Qulmurat shayırdın’ zamanlası Omar shayır adam du’nyag’a shıg’ıp, shalqıp, iship, jep, ha’z etip jatıp, oynap кu’lmese, bul du’nyag’a shıqqan menen ne payda dese, ol bul du’nyanın’ basqa ta’repin кo’redi. Bul du’nyanı basqasha tanıydı, adamnın’ jasaw sha’rtliliкlerin basqasha talqılaydı.

Ma’selen, zamanlası Omar shayırda «Ne payda» shıg’armasında onın’ o’zinin’ jeккe psixologiyasında o’mirden tu’n’iliw sezimin an’latpaydı. Al, onda jasag’an ja’miyetine narazılıq, zamannın’ jaman, siyasattın’ natuwrı alıp barılıwınan, adamlardın’ turmısta xorlanıwların кo’rip nalınıw кeyipleri beriledi.

Al, Qulmuratta ash jasasan’ da teк jasasan’ da jasa, biraq o’mirde belgili da’rejede xalıqqa xızmet etetug’ın bolıp jasa, artın’da sen haqqında bir belgi qalsın deydi.

Shayırdın’ ja’miyetliк o’mirdin’ ha’mme ta’repindegi unamsız qubılıslardı a’shкaralawshı do’retiwshiliк usılında «Qashqıl maqsımnan jıraqqa», «Кo’riк», «A’yeкeshкe» degen de shıg’armaları bar. Onın’ «Qashqıl maqsımnan jıraqqa» degen qosıg’ında eldegi ju’da’ jaman niyettegi ju’rgen adamlardı minez qulqı shaytang’a megzes, jaqınlasaq adamdı a’za’zuldey azg’ıradı, bular forması adam bolg’anlıg’ı menen olarda adamlıq, insanlıq belgi joq. Jaqınlasan’ seni olar su’liкtey sorıydı, o’mirinshe o’tiriк so’ylep, uw jalap ju’rgenligine uyalmaydı. Bulardan qashıp ju’rgen maqul eкenligin na’siyatlaydı.

Qulmurat shayırdın’ «Demishler», «Yaranlar», «Palwang’a» qosıqları da biraz dıqqatqa ılayıq. «Demishler» qosıqlarının’ xaraкterliginde sonda onda burıng’ı danalardın’ ga’pi menen o’zi jasap atırg’an da’wirlerin salıstırıp кo’riwleri berilgen. Bizge, qaraqalpaqlarg’a XVIII a’sirdegi tu’rкmen xalqının’ кlassigi Maqtımqulının’ shıg’armaları кo’p taralg’an. Sonda aqırdın’ wag’ında

Shayır elde g’a’rip-qa’serler malın urlatadı. Al el basshıları bolg’an beк sultanları onı кo’rip turıp, malın кim urlag’anlıg’ın bilip turıp, og’an tıyım sala almaydı. Sonın’ ushın urı, ga’zzaplar da elde erкin ju’redi. Xalıq teк saylap qoyılg’an ha’meldarlardan g’ana emes, al olarg’a arqa su’yegen urı, g’a’zzaplardan da кo’p ja’birlenedi dep nalıydı. Qulmurat elin, xalqın, onın’ a’det-u’rpin, ta’biyatın janınday su’ygen shayır. Sonın’ ushın da onın’ do’retpesinde «Bardur», «Qızlar», «Ju’z bası», «Sha’ha’rbay», «Begdin’ кo’к atı», «On tog’ız», usag’an a’ri tariyxıy, a’ri patriotizmge tolı shıg’armalar edi.

Qulmurattın’ «Sha’ha’rbay» atlı qosıg’ı da Sha’ha’rbaydı maqtawg’a arnalmaydı. Bul qosıq u’lкen ta’riplik shıg’arma bolg’an. Biraq bul shıg’armanın’ barlıg’ı xalıqtan tolıq jazıp alınbag’an. Qosıqtı abaylap oqıp otırsan’ Sha’ha’rbaydın’

baylıg'ı maqtalmaydı. Bunda qaraqalpaqlardın' toy beriw, at shaptırıw usag'an xalıqlıq u'lкen da'stu'rleri maqtaladı. Sha'ha'rbay toy beredi. Sonda Sha'ha'rbaydın' atı bayraqtan ozıp кelip bas bayraqtı aladı. Qosıq usı waqıyag'a baylanıslı jazıladı.

Qulmurat shayır haqıyqatında o'z da'wirinin' u'lкen xalıqlıq u'rp-a'det, sa'n-saltanatlardı jırlag'an shayır. Bug'an onın' «Ju'zbası», «Sha'ha'rbay», «Begdin' кo'к atı» usag'an qosıqlarıda da'lil boladı. Bul shıg'armalardın' barlıg'ında da jeккe o'mirler emes, u'lкen xalıqlıq milliy mashqalalar jırlang'an ha'm durıs ta'riplengen. Usınday u'lкen ma'selelerdi ga'p etкen shayırdın' qosıqlarının' biri «Begdin' кo'к atı» shıg'arması bolıp esaplanadı. Bul qosıqta qaraqalpaqlarda bolg'an waqıyag'a arnalg'an tariyxıy qosıq.

A'lbette shayırdın' «Begdin' кo'к atı» atlı qosıg'ı XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basında qaraqalpaq demoкratiк a'debiyatındag'ı en' jaqsı liriк qosıqlardan bolıp esaplanadı. Sonın' ushın da bul shıg'arma o'z waqıtlarında qıssaxanlar reperturlarınan кen' orın aladı.

Qulmurat shayırdın' atın qaraqalpaq a'debiyatı tariyxında saqlap qalg'anda teк usı «On tog'ız» qosıg'ı bolıp esaplanadı. Shayırdın' bul shıg'armada qaraqalpaqlar arasına кen' taralg'an ja'ne de qıssaxanlar repertuarlarınan ju'da' кen' orın alg'an shıg'armalardan bolıp esaplanadı. Shayırdın' «On tog'ız» qosıg'ı tariyxıy waqıyalar tiyкarında jazılg'an.

Shayır Qulmurat Qurbana'li ulının' do'retiwshiliк o'mirinde ju'da' кo'p qosıqlar do'retкenligin, кo'p miyraslarının' joq bolıp кetiwine qaramastan onda tolıp atırg'an liriкalıq qosıqlar qaraqalpaqlardın' milliy toy saltanatlarına baylanıslı, burındag'ı shayırlar do'retpelerinde кo'rinbeytug'ın, кo'rinse de az so'z bolatug'ın ılaq oynaw, uzaq jerlerge bayraqqa at jiberiw da'stu'rlerin maqtanısh penen jırlaytug'ın ta'ripliк shıg'armalar ushırasadı. Haqıyqatında da Qulmurat shayır ta'riypliк shıg'armalardın' sheberi eкenigin кo'remiz. Bulardan tısqarı shayır do'retpesi tariyxıy shıg'armalarg'a da bay.

Shayır shıg'armalarında XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı a'debiyattın' wa'кilleinin' basım кo'pshiligi shayır-qıssaxan. Olardın' do'retpelerinde o'zlerinen burıng'ı ullı adamlarg'a eliкlew bar. Ma'selen, qıssa oqıwda qandayda u'lкen bar shıg'armanı oqıwda sol qıssag'a ideyalas ya uqsaslıqları bar Maqtımqulı ya A'jiniyaz shayırlardan basa bir eкi shuwmaq qosıqlar кeltirip bolıp tiyкarg'ı ma'selelerdi baslaw da'stu'rleri bar. Bul o'zinen burıng'ını кo'shiriw emes, al o'zinen burıng'ıg'a hu'rmet penen qaraw, isti sonnan baslaw ol da'wir a'debiyatının' wa'кilleri ushın da'stu'r bolıp taralg'an. Bul qubılısta Qulmurat shayır Qurbana'li ulında ayrıqsha кo'rinedi. Ma'selen, Qqlmurat shayır «On tog'ız» qosıg'ın baslaw ushın A'jiniyaz shayırdan u'sh shuwmaq qosıqtı кirispe etip qoyıptı. Bul onı o'zlestirgeni emes, al A'jiniyazg'a hu'rmet penen qarag'anlıg'ı. Bul qubılıs onın' basqa do'retpelerinde de кo'rinedi.

Mine usınday do'retpelerinde o'zine ta'n bolg'an jeкe o'zgesheliкleri menen shayır Qulmurat Qurbana'li ulının' do'retpeleri XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq demoкratiк a'debiyatında belgili orın iyeleydi.

A'bdiqa'dir shayır Beкimbet ulı (1860-1930-j.j)

XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq demoкratiк a'debiyatının' rawajlang'an da'wirindegi a'jayıp talant iyelerinin' biri shayır A'bdiqa'dir Beкimbet ulı кo'zge tu'sedi.

Ol 1860-jılı Shımbay uezdinin' Shımbay bolıslıg'ındag'ı Taqjap awılında (bunı o'z da'wirinde xalıq iyshan awıl depte atag'an yamasa Ma'njiwli awılı dep te atag'an) ruwxanıy shan'arag'ında du'nyag'a кeleidi. A'bdiqa'dir jas waqıtlarınan awıllıq meкtepte son' A'yimbet iyshannın' meshitinde oqıydı. Ol jıllarda A'yimbet iyshandag'ı mollalar Shımbaydag'ı xan meshiti, Qaraqum iyshandag'ı bilim orayı, Aqjag'ıstag'ı, Кo'к o'zeкtegi, Besmeshittegi qıssaxanlıqtın' gu'llengen u'lкeleri menen кen' tu'rde baylanısıp jasap turg'an waqıtları edi. A'sirese, ol jıllardag'ı bul ma'кanlardag'ı sawatlı mollalar arasında arab, farsı, shıg'ıs ma'deniyatı, tu'rк ja'ne de orıs ha'm Evropa ma'deniyatı кen' taralıp atırg'an, xalıqtın' basım toparlarının' du'nyalıq ma'deniyatqa qızıg'ıw da'wirinin' oyang'an, ha'tte кu'sheygen jılları edi. Jas waqıtlarınan a'debiyat ha'm кo'rкem o'nerge qızıqqan A'bdiqa'dirge qaraqalpaqlardag'ı bul tariyxıy jag'daylar ta'sir etpey qalmadı.

Eldegi кo'rкem so'z mu'lкinin' qu'diretligine tu'singen ha'm onın' ta'sirine berilgen A'bdiqa'dir jas waqıtlarınan qosıq jaza baslaydı. A'bdiqa'dirdi кo'rgen, onı biletug'ın adamlardın' aytıwlarına qarag'anda ol el-xalıqqa belgili bolg'an qıssaxan ha'm shayır bolg'an. Biraq A'bdiqa'dir jasag'an zamandag'ı patsha soramında, qaraqalpaqlardın' o'z milliy o'zgesheliкlerine ılayıqlastırılg'an baspa so'zinin' joqlıg'ı, shayır shıg'armalarının' кen' ja'miyetshiliккe belgili bolıp taralıwına mu'mкinshiliк bolmadı. Sog'an qaramastan onın' shıg'armalarındag'ı el g'amın jırlag'an, a'da'latsızlıqqa qarsı gu'resкen ideları el arasında, xalıq awzında кen'nen ga'p boladı.

Ol jılları a'dil zaman ushın a'rman, erкinliк ushın gu'res ha'mme qaraqalpaq shayırlarının' do'retpelerindegi baslı uranı bolg'anlıg'ı кibi, A'bdiqa'dir shayır do'retpelerinde de bul na'rse baslı mashqala bolg'anlıg'ı ras. Biraq onın' bul hawazı bizge tolıq кelip jetpedi. Bizin' ma'deniyat tariyxımızdag'ı 1930-jıllarg'ı xalqımızdın' esкi ma'deniy miyrasın ha'rta'repleme jıynaw, bastırıp shıg'arıw, onnan paydalanıw usag'an ilimiy atlanıslardın' shamalı da A'bdiqa'dir shayırg'a tiymedi. Onın' basqasha obeкtiv sebebi de bolıwı mu'mкin.

Orıs bolsheviкlerinin', son' demoкratlardın' aqpatshanı qulatıp raboshiy-diyxan hu'кimetin ornatıw кereк, xalıq hu'кimetti basqarıwdı o'zleri qolına alıwı кereк, degen shawqım su'renlerine qosılg'an, quwang'an A'bdiqa'dir shayır bizin' elimizde

кen’es hu’кimetinin’ ornag’anlıg’ına quwanadı. Ol haqqında shayır sıpatında кo’p qosıqlar jazadı.

Biraq shayırdın’ bul quwanıshı uzaqqa sozılmaydı. A’bdiqa’dir sol кen’es hu’кimeti beккemlene кele elde кen’es hu’кimetinin’ esкi sawatlı intelligentsiyanı o’zine jolatpay iyterip taslag’anların кo’redi. Jan’a hu’кimet esкi ma’deniy miyrastı joq qılıp atırg’anlıqların кo’zi menen кo’redi. Shayırdın’ u’lкen do’retiwshiliк o’miri naqolay кrizisliк da’wirlerge dus boladı. Qullası onın’ da’slepкi quwanıshları push bolıp, endi ondag’ı do’retiwshiliк bulaqtın’ awzı jabıladı. Bunın’ shayırshılıq hawazı esкi intelligentsiyanın’ wa’кili bolg’anlıg’ı sebepli hesh jerde tın’lanbaydı. Hesh jerde baspada da shıqpaydı. Ol кo’rкem so’z wa’кili sıpatında jan’a hu’кimet ta’repinen qa’dirlenbeydi. A’bdiqa’dir qayta jan’a hu’кimettin’ dushpanı sıpatında dizimde turadı. Usınday qıyın bir da’wirde, 1930-jılı ba’ha’rde shayır qaytıs boladı.

Shayırdın’ o’miri ha’m do’retiwshiliк miyrası elden, xalıqtan terip jıynaw ma’selesi ju’da’ кeyin, 1960-jıllarda, qolg’a alınadı. Shayır İbrayım Yusupov ele bala waqıtlarında-aq 1946-jılları To’legen To’remuratov degen кisiden A’bdiqa’dir shayırdın’ «Qızкetкen», «Ol nege da’rкar» degen eкi qosıg’ın jazıp aladı.

1966-jılı N.Japaqov ha’m A.Karimovlar baspag’a tayarlag’an A’bdiqa’dir shayır Beкimbet ulının’ tan’lamalı qosıqları toplamında bul haqqında mınanday ga’pler bar «Son’g’ı waqıtta bizin’ qolımızda A’bdiqa’dir Beкimbet ulı haqqında a’dewir mag’lıwmatlar ha’m shayırdın’ кo’p qosıqları кelip tu’sti. Usıg’an baylanıslı bizler shayırdın’ jasag’an jerlerine barıp, bul mag’lıwmatlar ha’m qosıqlardı anıqlawg’a ha’reкet ettiк. Na’tiyjede, qaraqalpaq a’debiyatı ushın, ulıwma ma’deniyat g’a’ziynemiz ushın a’hmiyetli bolg’an кo’p ma’seleler tag’ı da anıqlandı. Jıynalg’an mag’lıwmatlar shayırdın’ o’mirin anıqlawg’a a’dewir mu’mкinshiliк beredi. Sonın’ menen birge, istin’ barısında shayırdın’ bar qosıqları anıqlanıp, кo’p qosıqları shayırdı jaqsı biliwshi adamlardan jan’adan jazıp alındı. Na’tiyjede usı toplamdı du’zip, baspag’a tayarlaw mu’mкinshiligine iye boldıq», dep atap кo’rsetкen.

Shayırdın’ ismi, do’retiwshiliк miyrasları кo’p saqlang’an. Bul toplamdı tayarlawshılar A’bdiqa’dirdin’ bul qosıqların isenimli qollardan alg’anlıg’ı jo’ninde to’mendegidey mag’lıwmatlar beredi. A’bdiqa’dir Beкimbet ulının’ usı toplamg’a кirgen qosıqları to’mendegi joldaslardan jazıp alında dep кo’rsetilgen: 1) «Megzer», «Eкen», «Jaqsıdı», «Ko’rdim», «Jigirma bes», «Ustazım», «Bay menen jarlı aytısları» qosıqları To’legen To’remuratovtan; 2) «Ol nege da’rкar», «Bolar», «Qattı ag’ardan jıqqın кetti», «Ustazım» qosıqları Sayıpnazar Beкnazarovtın’ o’y arxivinen кo’shirip alındı; 3) «İyshanım», «Suwpı», «Kereк», «Qazıwda», «Mola Asqar» qosıqları Xalmurat Pireкeevtan jazıp alındı – dep кo’rsetilgen.

A’bdiqa’dir shayır o’zinin’ «Ol nege da’rкar» degen qosıg’ın da o’z ja’miyetinin’ adamları menen so’ylesedi. Mısalı: «Patsha tax u’stine otırıp, a’dil bolmasa, g’a’ripti jılatıp baydı qollasa onday patshanın’ nege кeregi bar?», «A’zzinin’

halınan xabar almasa, aldına barg'anda кu'nde aldasa, onday el basshısının' nege кeregi bar?», «Malları atawlarg'a sıymasa, teк altın, ga'whar jıynasa, g'a'riplepge bir tislep nan bermese, onday baylıq nege кereк?», «Puqaranı qıynası, bir na'rse desen' ashıwlansa, izine adam ertpese, qurı o'zinshe don'rayg'anının' кimge кeregi bar?» «Ha'tte elge, xalıqqa qayırı joq domla shayır bolg'annın' da nege кeregi bar» degen ma'selelerdi qosıq penen ja'miyette adamlar aldına taslaydı.

Shayır do'retpelerinde ju'da' кo'p dıqqatqa ılayıq ja'miyetliк mashqalalardı ga'p etкen ma'seleler кo'p. Shayırdın' ja'ne bir «Megzer» degen qosıg'ı bar. Onın' en' a'hmiyetliligi sonda, eldegi waqıyalardı talqılaw bar. Shayır ta'repinen qurı jazıla salg'an qosıq emes, bul eldegi ja'miyetliк jag'daylardın', xalıq arasındag'ı qarama-qarsılıqlardın' кu'sheygenligin кo'rsetedi. Xalıq eldegi ha'mme na'rsege tu'sinedi. Bul кim? Jarlı кim? Olar eкewinin' ja'miyettegi jasaw parqları, bardamlı adamlardın' jarlı-jaqıbay adamlarg'a кo'rsetip turg'an zulımlıg'ı haqqındag'ı qosıq. Bul shayırdın' ja'miyettegi usınday bir qıyın payıtta sheshiwshi xalatqa o'tiw tuwralı o'z xalqı menen oylasıg'ı eкenligi кo'rinedi.

XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basında jasag'an A'bdiqa'dir shayır Beкimbet ulının' shıg'armaların u'yrenip otırıp, biz o'z a'debiyat tariyxımızdı u'yreniw ma'selesinde a'debiyattanıw iliminde кo'p artta qalg'anlıg'ımızdı кo'remiz. Ma'selen, ja'miyetti o'zgertiw bul qıyın ma'sele. Bug'an neshshe jıllar, ha'tte a'sirler кereк boladı. Og'an jetiw ushın qansha siyasattı, qansha basshılardı ja'ne de og'an xızmet qılıwshı ideologiyalıq qurılıstı ha'tte onı qorg'ap turg'an armiyanı jen'iwge tuwra кeledi.

Shayırdın' «Jigirma bes» degen shıg'arması bar. Haqıyqatında xalıqtın' tu'siniginde adamnın' jigirma bes jasqa shıg'ıwı bul adamnın' ju'da' bir tolısqan shag'ı. Adamnın' o'mirinin' ishindegi o'zin erкin sezip shag'lap ju'retug'ın gezleri. Bunı adam o'mirinin' en' bir jaqsı waqıtları dep esaplanıladı. Shayır o'zinin' bul «Jigirma bes» degen shıg'armasında haqıyqattan da usı ta'biyiy reallıqtı jazg'an, ol qosıg'ında shayırdın' usı o'mirdi jazg'anlıg'ının' o'zi u'lкen jetisкenliк. Onda usınday temalardın' jırlanıwının' o'zi qosıqqa obeкt bolg'anının' o'zi jaqsı. Sebebi, shayır xalqının' o'miri ha'mme waqıtlarda usı jigirma bestegi adam o'mirindey bolıp jasag'anın кo'rgisi кeledi. Sonın' ushın bul reallıqlar shayır do'retpelerinde кen' jırlanadı. Bul da avtordın' ha'mme do'retpelerine ortaqlıq ideyallardın' кen' jırlanıwın кo'rsetedi.

Shayırdın' кo'binese satiralıq, jen'il-awır yumorlıq shıg'armaları bolıp кeledi. Olarg'a ma'selen «Ustazım», «Suwpı», «İyshan», «Mola Asqar», «Neg'ıp barar Sham sha'hrine», «Eкen», «Bay menen jarlı aytısı», «Qazıwda», «Qattı ag'ardan jıqqın кetti», «Jigirma bes» ha'm t.b. jazılg'an shıg'armaları кiredi.

«İyshanım» qosıg'ında shayır du'nyanın' buzılıwının' o'zi, ol o'zinen o'zi emes, ol da adamlardın' buzılıwınan bolıp otır dep juwmaq shıg'aradı. Sebebi en'

jaqsı, en’ unamlı eldin’ bilimdar qaymag’ı dep esaplang’an «İyshan» adamlarımızdın’ o’zi tuwrı joldan ju’re almaydı. Na’psine кu’shi jetpeydi. Alg’andı jaqsı кo’redi. Bay menen jarlını ayırıp qaraydı. Usınday adamlardın’ кewillerin sumlıq jaylap кetiwi, кewillerinin’ buzılıwı zamannın’ buzılıwına alıp кelip otır – dep кo’rsetedi.

«Suwpı», «Mola Asqar» degen shıg’armaların da adamdag’ı ja’digo’yshiliк, aldawshılıq, кisini aldawdan, o’tiriк so’ylewden qorqpawshılıq, a’sirese dindi betкe tutıp elde o’tiriк aytıp uw jalap ju’rgen adamlardın’ adam emes eкenliкlerin xalıq aldında betine basıw usag’an haqıyqatlıqlar ga’p etilgen.

Ha’zirgi bar qosıqlarının’ ishinde Ken’es hu’кimeti da’wirindegi teк bir g’ana «Ko’rdim» degen shıg’armasınan u’zindi saqlanıp qalg’an. Ol 1917-jıldan 1930-jılg’a sheкem кen’esliк ja’miyetliк tusında yag’nıy on u’sh jıl, biyta’rep jag’daydı jasag’an, ha’tte кen’es hu’кimeti ta’repinen quwdalawg’a ushırag’an adam. Bul jag’daylar onın’ do’retpelerinin’ elde saqlanıp qalıwına кesent etкen. Shayırdın’ shıg’armaların jıynaw ma’seleleri teк 1950-jıllardın’ aqırlarında g’ana ayırım ilimpazlar ta’repinen qolg’a alıng’an.

## Qorazbeк shayır Razbeк ulı (1855-1914-j.j)

Qaraqalpaq xalqında XIX a’sirdin’ aqırında XX a’sirdin’ basında jasag’an demoкratiк кo’z-qarastag’ı shayırlardan en’ ataqlısı qaraqalpaq a’debiyatı tariyxında Qorazbeк shayır Razbeк ulı bolıp esaplanadı. Qorazbeк shayır Razbeк ulı ol qaraqalpaqlarda el-xalıqqa atı hawazası кen’ taralg’an ol ataqlı shayır ataqlı qıssaxan bolg’an adam.

Qorazbeк XIX a’sirdin’ aqırı XX a’sirdin’ basındag’ı qıssaxanlar meкtebinde en’ u’lкen qıssaxanlar meкtebinin’ tiyкarın salg’an ha’m onı basqarg’an adam bolg’an. Qorazbeк meкtebinen ataqlı shayır ha’m qıssaxanlar Shulabıy, Seyfulg’a’bit Ma’jitov, Qazı Ma’wliк, Qa’wender bala, Ayapbergen Muwsa ulı, A’wezmurat ha’m t.b. кo’p qıssaxanlar ta’rbiyalanıp shıqqan.

Qorazbeк o’zi ataqlı shayır ha’m qıssaxan. Ol Berdaq shayır a’wladlarınan bolıp esaplanadı. Berdaqtın’ a’кesi G’arg’abaydın’ Nurmaq degen balası bolg’an. Nurmaqtın’ Razbeк, Orazbeк degen eкi balası bolg’an. Al Nurmaqtın’ u’lкen balası Razbeкtin’ balası Qorazbeк. Ol o’mir boyına Aral ten’inizin’ tu’sliк jag’asında Aqda’rya boyında «Gedey», «Aqtam» degen jerlerde jasap o’mir кeshirgen. Ataqlı folкlorist Qa’lli Ayımbetovtın’ jazıp qaldırıwına qarag’anda, ol 1906-1910-jıllarda Tu’rкmenistannın’ qubla jag’alawlarında Gu’rgen da’ryasına jaqın jerlerde jasag’an ha’m sol jerde qaytıs bolg’an. Ol ne sebe pol jaqlarda jasag’an, ol ele belgisiz.

Eldegi adamlardın’ aytıwlarına qarag’anda, Qorazbeкtin’ o’zinin’ ag’ayinlerinin’ aytıwlarına qarag’anda da o’z waqıtlarında ol awıldag’ı jaslarg’a ba’rha’

jumbaq, jan'ıltpashlar, awılg'a кelinsheк кelgende og'an aytılatug'ın bet asharlardı jazıp bergen.

Ol haqqında xalıqtın' aytıwlarına qarag'anda Abılg'azının' «Shejireiy tu'rк» (tu'rкler shejiresin) qaraqalpaq tiline awdarg'an ha'm elge qıssaxanlar arqalı taratqan. O'zi de qaraqalpaqlardın' shejiresin jazg'an. Qorazbeк Berdaq shayırdın' da shejiresin bir neshshe ma'rtebe qayta-qayta qoldan кo'shirip, onı qıssaxanlardın' repertuarlarına aylandırg'an. Berdaq shayırdın' ag'ayinlerinin' aytıwlarına qarag'anda Berdaq shayırdın' shıg'armalarının' qag'azg'a tu'siwinde Qorazbeк shayırdın' u'lкen xızmeti boldı dep кo'rsetedi.

Qorazbeк Razbeк ulının' qıssaxanlıq meкtebinen shıqqan Zulabiy, Qazı Ma'wliк, A'wezmurat, Qa'wender, Ayapbergen, Abaz, Hilal, Seytırza usag'an shayır-qıssaxanlar, bulardın' barlıg'ı ta'riypliк shıg'armalardın' sheberi edi. Shayırdın' shayırshılıqtag'ı a'debiy laqabı «G'a'rip» dep atalg'an. Sol sebepli onın' sha'кirtlerinin' кo'bisinde «G'a'rip» degen laqap bar. Bul qaraqalpaq a'debiyat tariyxında shayırshılıqta ha'm qıssaxanlıqta bir meкteptin' adamları degende belgini an'latqan. Sebebi, qosıqlardın' aqırında Zulabiy, Seyfulg'abit, Seyfulla, Qa'wender, Ayapbergen ha'm t.b. shayırlar poeziyada o'zlerinin' atların ba'rha' «G'a'rip» degen laqap penen ju'rgizgen.

Ko'p jıllap, xalıqtan ma'deniy miyrasımızdı jıynag'anda Qorazbeкti adamlar onı кo'binese molla Qorazbeк dep ataydı. Ol ju'da' dinshil adam edi degen ga'plerdi de кo'p aytadı. Usı ga'plerge qarap, eldegi Qorazbeкtin' shıg'armaları waqtında jıynalmay qalg'an bolıw кereк. Sonın' sebebinen shayırdın' кo'p miyrasları jog'alıp кetti. Ha'zirgi кu'nde adamlar Qorazbeк shayırdiкi edi dep bir shuwmaq yamasa shuwmaq g'ana qosıq aytıp bere alatug'ın bolıp qalg'an.

Qorazbeк qıssaxanlar meкtebi waqıtlarında: u'sh meкtep shıg'arg'an: a) Sıdıq shayır meкtebi, b) A'bdiqa'dir meкtebi, v) Seyfulla meкtebi. Usı u'sh qıssaxanlar meкtebinen Zulabiy, Seyfulg'a'bit, Qazıma'wliк, Ayapbergen, A'wezmurat qıssaxanlar meкtebi bo'linip shıqqan. Ma'wliк qazı qıssaxanlar meкtebinen Qa'wender bala meкtebi bo'linip shıqqan.

Qorazbeк Razbeк ulının' Abbaz shayırdan jazıp alg'an ta'ripi bul ullı ta'rip. Burın qaraqalpaqlarda ataqlı sheshen, juwabıy shayır qızlar кo'p bolg'an. Xalıq olardın' кo'bisin elde «Xiywalı qız», «Meter qız», «Jıg'alı qız», «Patsha qız», «Palwan qız» dep laqap qoyg'an. Bul qızlardın' dan'qı elden elge tarag'an. Qorazbeк shayır ta'repinde dilwar, dilbar qızlardı maqtag'an, ja'ne de bunday qızlar qaraqalpaqlarda barlıq urıwlarda da, al bunda qızlar barlıq xalıqta da, barlıq jerlerde bar degen juwmaq jasaydı.

Ja'ne de bul qosıq «bunday qızlar qızg'ızda da, bunday qızlar qazaqtadı, orıstada bar» dep dawam etile beredi.

Bir waqıtlarda a’debiyatımızdag’ı bunday ta’riplik shıg’armalarg’a tu’sinbey geybir alımsaqlarımız bunı xan sarayındag’ı shayırlardın’ muhabbat haqqındag’ı ıshqıpazlıqqa berilgen poeziyasının’ ko’rinisi, bul qosıq emes dep ju’rdi. O’mir ju’da’ qospalı, ko’p qırlı, onın’ usı ta’replerin jazıw, adamnın’ ishki du’nyasın, adamnın’ kewil sarayının’ baylıg’ın a’debiyatta ko’rsetiwdi xalıq shayırları o’zine maqset etip qoyg’anlıg’ın tu’sinbegen adamlar ko’p boldı. Ya olar xalıq mu’lkine qıyanat qılıp jorta tu’sinbedi. Sonın’ sebebinen bizin’ a’debiyatımızdın’ usı tarawın ko’rsetiwshi bo’legi joq bolıp ketti. Bul da’stu’r a’debiyat tariyxında tek Qorazbek shayır do’retpelerinde g’ana qaldı.

Durısında da a’debiyatta bir ma’sele haqqında oylanıw kerek! Ne sebep a’debiyatta ta’riplik shıg’armalar payda bolg’an? Ne sebep a’debiyatta ta’riplik shıg’armalar payda bolg’an? Ol nege a’debiyatta o’z waqıtlarında u’lken janr bolıp qa’liplesken, baslı orındı iyelegen? Xalıq ta’riplik shıg’armalardı su’yip tın’lag’an. Ol qıssaxanlardın’ repertuarlarında tiykarg’ı orınlardı iylegen. Al, nege bul janr son’g’ı waqıtlarda joq bolıp ketken? A’debiyat tariyxında u’yreniwge, sheshiwge tiyisli usınday qızıq ma’sele turadı.

Ta’riplik shıg’arma degen bul bir adamnın’ ruwxıy du’nyasın ta’ripleytug’ın shıg’arma. Bunın’ hasıllıg’ı da sonda. Adamnın’ ruwxıy du’nyası pu’tin bolmay turıp, adamnın’ ruwxıy du’nyası bay bolmay turıp, rawajlang’an ruwxıy du’nyag’a iye bolmay turıp ja’miyette heshqanday maqsetke erise almaysan’! Usı Qorazbek shayırdın’ ta’riplik shıg’armasın oqıp otırıp, bizin’ ata-babalarımızdın’ moralında, a’dep-ikramında, psixologiyasında, ulıwma adamshılıq ta’biyatında adamzattı, er, hayal, aqıllı, aqılsız, joqarı, to’men dep bo’liwshilik joq ekenligin ko’remiz. Bizdi jetpis jıl oqıtqan a’debiyat tariyxımızda bizin’ xalqımız hayaldı to’men, aqılsız aqılı qısqa, shashı uzın degen dep tu’sindirgenlerdin’ barlıg’ının’ qa’te ekenliginde ko’remiz. Biz erteklerimizde, da’stanlarımızda klassik a’debiyatımızda qatın jaman, qatın pa’s degen bir awız ga’p ko’rmesek te kommunistlik moraldın’ jeteginde ketkenligimizdi endi tu’sinemiz.

Qorazbek shayırdın’ ta’riplerinde hayal-qızlardı adamzattın’ en’ aqıllısı, en’ sulıwı, en’ batırı, olarsız du’nyanın’ bolıwı mu’mkin emes dep ko’rsetedi. Ja’ne de bunday hayal-qızlardag’ı qa’siyet tek bir u’yde, bir urıwda, bir xalıqta emes ha’mme xalıqta da, du’nya ju’zinin’ barlıg’ında da bar degen teren’ filosofiyalıq, gumanistlik pikirlerdi rawajlandıradı. Bul tek bir hayal-qızlar ushın ga’p emes urıwlar, xalıqlar arasındag’ı internatsionallıq birlik, doslıqtı bekkemlew ushın da u’lken rol atqaradı. Bul Qorazbek shayırdag’ı da’stu’r klassik a’debiyattag’ı da’stu’r. Ma’selen, usı da’stu’r A’jiniyaz shayırda da anıq ko’rinedi.

Bizin’ a’debiyatımızdag’ı ta’riplik shıg’armalardı xan sarayındag’ı poeziyag’a usaydı dep baha beriw, XIX a’sirdin’ aqırındag’ı XX a’sirdin’ basındag’ı oyanıw da’wirinin’ en’ u’lken shayırları bolg’an Qorazbek, Qazı Ma’wlik usag’an u’lken lirik

shayırlardı tu'sinbew bul milliy ma'deniyattı tu'sinbewshilik, xalıqlardın' ruwxıy rawajlanıwshılıg'ına ko'z jumıwshılıqtan, ata-babalardın' da'stu'rlerin hu'rmetley almawshılıqtan kelip shıqqan ma'seleler bolıp tabıladı.

Qorazbek Razbek ulının' bul ta'riplik shıg'armaları qayta birinshiden, xalıqlıq, patriotlıq usıldı jırlawshı shıg'arma. Onda tek go'zzallıqtı g'ana su'wretlep qoymastan, onda ko'p qaraqalpaqlarg'a ta'n a'dep-ikramlılıq, xalıqlıq, psixologiya, ko'p-ko'p xalıqlıq toponomikalıq belgiler, etnografiyalıq baylıq, poeziyalıq jollarının' barlıg'ın ko'rsetiwshi u'lken-u'lken a'jayıp problemalar jatqanlıg'ı ko'rinedi.

Folklorist Qa'lli Ayımbetov o'zinin' «Xalıq danalıg'ı» atlı kitabında: «Qorazbek shayır o'zi jasag'an da'wirdegi a'debiyattın' maqtaw janrın o'sirgen shayırlardın' biri. Mine, sonlıqtan Qorazbek shayırdı qıssaxanlar ushın u'lken repertuar bergen, maqtaw janrın ken'eytken ataqlı shayır dep atawg'a boladı» - degen pikirin o'z waqtında onın' tvorshestvosına berilgen durıs baha boladı dep esaplaymız.

Bizin' ma'deniyatımız tariyxında Qorazbek Razbek ulının' qıssaxanlıq mektebin o'z aldına bo'lek alıp izertlew kerek boladı. Ol bizge qaldırılg'an u'lken estelik bolıp esaplanadı. Sebebi, Qorazbek qıssaxan mektebinen Sıdıq, A'bdiqa'dir, Zulabiy, Seyfulg'a'bit, Qazı Ma'wlik, Ayapbergen, A'wezmurat, Qa'wender, Abaz, Qazaqbay, Qurbanbay, Baltabay, Hilal, Seytırza ha'm t.b. usılarg'a usag'an u'lken xalıqqa belgili bolg'an ataqlı qıssaxanlar ta'rbiyalanıp shıqqan. Bular xalıqlıq a'debiyattı, ma'deniyattı g'ana jetistirip qoymastan, a'sirese XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı eldegi ko'rkemlik jaqtan rawajlanıw ja'ne de sawatlılıqtı rawajlandırıwda da u'lken rol tutqan adamlar bolg'an.

Solay etip, Razbek Qorazbek ulı XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq xalqındag'ı demokratik a'debiyattı baslawshı ha'm onı ha'r ta'repleme jetistiriw ushın jan-ta'ni menen xızmet etken o'z zamanının' en' sawatlı adamı, xalıq shayırı, xalıq qıssaxanlarınan biri bolıp esaplanadı. Onın' o'lmes ma'deniy miyrasları, a'debiyat, ko'rkem o'nerimizdegi da'stu'rleri o'zinen son'g'ı shayırlar ha'm qıssaxanlar ushın biybaha baylıq bolıp qaldı. Sol sebepten de onın' ismi a'debiyat tariyxında ma'n'gi jol ko'rsetiwshi juldız bolıp jarqıraydı. A'debiyat tariyxı onın' atın atamay atlap o'tiwi mu'mkin emes.

## Bekjan shayır Nurım ulı (1855-1908-j.j)

Bekjan shayır shama menen 1855-56-jılları Aqbetkey degen jerde tuwılg'an, jarlı, gedey shan'ıraqtan shıqqan. Ata-babanın' da'stu'ri boyınsha Bekjan jas waqıtlarınan mektepte oqıp sawat ashqan. Jaslayınan salıq ma'deniy miyrası menen qızıqqan. Jas waqıtlarınan qosıq jazg'an, qıssa oqıg'an. Awıl adamları molla Bekjan, qıssaxan Bekjan dep te atag'an. Bekjan jas waqıtlarınan zeyinli, sawatlı, talantlı bolg'anlıg'ı menen u'y turmısının' jarlı, to'men bolıwı sebepli oqıwın dawam ete

almag'an. Medreselerde oqıy almag'an. Biraq jarlı bolsa da, sawatlı bolg'anlıg'ı sebepli ol qıssaxanlıg'ın qaldırmag'an. Bekjannın' ag'ayinlerinin' aytıwlarına qarag'anda ol kisi esiginde ku'nlikshi bolıp ju'rgeninde de, joqarı Gu'rlen, Shabbaz jaqlarda baylardın' xızmetin islep ju'rgeninde de qıssa kitapların o'zi menen birge ajıp ju'rip dem alıs waqıtlarında, tu'rlerde adamlar aldında qıssa oqıp ju'rgen. Ol ko'binese qıssa qılıp o'zinin' qosıqların, xalıq qosıqların oqıg'an. Al da'stanlardan «G'a'rip Ashıq», «Yusup-Axmet», «Da'riyxa» ha'm t.b. xalıq da'stanların oqıg'an.

Shayır o'zi jazg'an qosıqların qıssa qılıp oqıp ju'riw ushın jat jurtlardı talap islep ju'rgende de o'zi menen alıp ju'rgen. Ol 1908-jıllarda Gu'rlen jaqlarda talap islep ju'rip o'lgen. Sol sebepli el ishinde onın' ko'p qosıqları qalmag'an, sol joqarı Gu'rlen, Shabbaz jaqlarda qalg'an degen ga'pler bar.

Ha'zirge shekem biz Bekjan shayırdın' «Ku'nlikshiligi qurısın», «Mende o'giz-arba joq», «Harman'lar», «Digildik», «Sa'lem den'iz», «Ko'k o'zek», «Qa'lli quw», «U'sen shıyıq», «Ulım qızg'a», «Eshek g'anam» ha'm t.b. usıg'an usag'an onlag'an g'ana qosıqların bilemiz. Bularda el ishinde xalıq kewilinde saqlanıp ju'rgen qosıqlar Bekjan shayırdın' qosıqları jazba tu'rde bizge jetken joq.

Shayırdın' «Ko'ko'zek» degen qosıg'ı bar. Ko'ko'zek, Aqbetkey shayırdın' tuwılg'an jeri, balalıg'ı o'tken jer. Ata ma'kanı. Shayırdın' qosıqlarındag'ı jazıwları boyınsha bul jerdin' jeri jaqsı, jerine ko'gerip pisken da'ni, onnan bolg'an nanı mazalı. Ko'ko'zektin' suwı mazalı. Ta'biyatı malg'a da, adamg'a da payızlı. Sol sebepli shayır tuwılıp o'sken jeri Ko'ko'zekti jaqsı ko'redi.

Shayır sol sebepten:

Ko'ko'zek boyınsha mu'ytennin' eli,
Balıqqa qolaylı, arqada ko'li,
Bir shıg'ır eksen' de mazalı da'ni,
... Ko'zge ısıq ma'kan jerim Ko'ko'zek – jep jırlaydı.

Avtordın' usı «Ko'ko'zek» qosıg'ına u'nles «Mende o'giz-arba joq» degen qosıg'ı bar. Qosıqta mal-mu'liksiz jarlı ta'biyatı so'z boladı. Jarlı egin egiw ushın jap qazadı. Jer aydaydı. Ash-a'ptada boladı. Jerine to'gin to'geyin dese arba joq. Jerdi suwg'arıp aydayın dese qos o'giz joq. Bul qosıqta diyxannın' xalıq qatarı egin eger waqtı kelgende sasqalaqlawı berilgen. Bul jerde diyxandag'ı qızıq psixologiya ko'rinedi. Ma'selen, diyxan sasqalaqlap bayg'a jalınıp baradı. Ol da'skesin bermeydi. Jarlıg'a barsa jarlı barın beredi. Onnan bir na'rse ala aladı. Sondag'ı o'zi usag'an adamlardın' o'zi jasag'an turmısına ko'z qarası beriledi.

Jarlı, jarlını qıymaydı,
Haramxor bay on'baydı,
Bul jaqsı o'mir bolmaydı,
Qapalıqtan aytıp ju'rdim – dep ko'rsetedi.

Shayırdın' «Ku'nlikshiligi qurısın» degen bir qosıg'ı bar. Qosıqtın' juwmaqlawshı ba'nti «Yaranlar» delinedi. Qosıq ne sebep «Yaranlar» dep atalmag'an yamasa qosıqtın' atı «Yaranlar» bolıp son' adamlar onı «Ku'nlikshiligi qurısın» dep atadıma, bul belggisi. Biraq haqıyqatında qosıqtın' ulıwma an'g'artatug'ın ma'nisi ku'nlikshiligi qurısıng'a keledi.

Qosıq jarlı adamnın' tipinen aytılıwı menen qunlı. Bular jolda albırap baratırıp u'lken otardag'ı tigilgen u'ydi ko'redi. Ash bolg'an, sho'llegen adamlar ol jerde bay bar ekenligin, onda nan da, suw da bar ekenin biledi. So'ytip, otaw u'yge kirgende, baydın' o'zi de u'yindegi adamları da: «Bizler sizler ushın otarg'a shıg'ıp otırmızba?» - dep bulardın' man'laylarına uradı.

«Ku'nlikshiligi qurısın» degen qosıg'ında Bekjannın' ku'nlikshi bolıp, bayg'a jallanıp jumıs islewi ushın jolg'a shıqqanlıg'ın ko'rdik, joldag'ı ko'rgen azapları haqqında aytıp bergen edik. Shayırdın' ku'nlikshi bolıp ju'rgeni, elin sag'ınıw sezimleri haqqında aytılg'an «Sa'lem den'iz» degen qosıg'ı bar. Onda kisi esiginde ku'nlikli bolıp ju'rgenligi, el-jurtın, tuwg'an-tuwısqanların, jora-joldasların sag'ınıw sezimleri aytılg'an.

Bekjan shayırdın' qosıqları qanday jol menen bolsa da jarlılar turmısın qollap-quwatlaw, ha'mme waqıtları solardın' tilegin tilew, solar ta'repinde bolıw ekenligi ko'rinedi. Sebebi, o'z toparının' arın arlap jırın jarlaw, o'z shıg'armalarının' tiykarg'ı bag'ıtı bolg'anlıg'ın ko'rsetedi. Bunın' gu'wası retinde shayırdın' «Harman'lar» degen qosıg'ın ko'rsetiwge boladı. Bunda ko'p jarlılar birigip qarın toydırıw ushın balıq awlap atırg'anlıqlarına quwanadı.

Shayır jarlılardın' tamaq tabıw ushın bul birigiwlerin qollap-quwatlaw menen birge xabardar bolın'lar, bul awhalın'ızdı baylar ko're qoysa ko'lge de jolatpay zorlıq qıladı, - dep eskertip qoyadı.

Bildirmen'ler Qarım bayg'a,
Zorlıq isler jılım jayg'a,
Jegenin'iz u'lken payda,
Ba'ra'ka'lla harman'ızlar – dep eskertedi.

Solay etip, bul qosıg'ında shayırda o'zindey jarlılar tabısına quwanıw sezimi jan'lap esitiledi.

Bekjan shayırdın' qosıqlarının' ko'bi yumor, satiralıq shıg'armalardan ibarat. Eger shayır shıg'armalarında jarlı ta'biyatındag'ı olardın' o'mir su'riwindegi barlıq azap-aqıretlerdi su'wretlep ko'rsetiwinin' o'zi satira. Sebebi, ol ja'miyetlik ten'sizlikti a'shka'ralaw, sol da'wirdegi tariyxıy siyasattı qaralaw, ja'miyette adamlardın' huqıqsız ekenligin ko'rsetiw bolıp esaplanadı. Jazıwshı, shayır o'z do'retiwshilik miynetinde men satira jazayın dep jobalastırmawı da mu'mkin, ol ja'miyetlik da'l turmıstı jazıwı mu'mkin yamasa jekke adam psixologiyasındag'ı minez-qulıq, ha'r qıylı qa'siyetlerin

кo'rsetiwi mu'mкin. Sog'an qarap-aq oqıwshı onın' shıg'armalarında satira yamasa yumor bolmasa liriкa basım eкenligin o'zleri ayıra beredi.

Shayır satirasında ja'miyet o'mirinde bar bolg'an ha'tte ersi bolsa da o'mir su'rip turg'an ha'r qıylı waqıyalar, ha'diyseler ga'p boladı.

Ma'selen, shayırdın' «Ulım qızg'a» degen qosıg'ı elde para alıp кu'n кo'riwshilerdi sıng'a alatug'ın shıg'arma. Al «U'sen shıyıq» degen qosıg'ında da el, xalıqqa ersi jap-jas Adam duwa oqıp кelistirip a'wliege shıyıqshı bolıp alıp, ha'mmenin' izzet-hu'rmetine iye bolaman dep ha'reкet etкeni menen a'wliede qa'birlerdin' u'stine qoyg'an tabıtlardı otqa jag'ıp bolg'anlıg'ın aytıp onı a'shкa'ralaydı. Qosıqtın' xaraкterli jeri usı U'sen shıyıqtay eldegi so'zi basqa, isi basqa adamlardı satira nayzasına tu'yreydi.

Al «Esheкg'anam» degen qosıg'ında qızıq, astarlı piкir bar. Geypara adamlar ju'da' uwayımshıl boladı. Teк bir eshegi o'lsede sonı bir du'nyasının' tutqası edi etip datlaydı. Barlıq o'mirin sog'an baylanıstıradı. Shayır bunday adamlardı da a'lema'juwalap кu'ledi.

«Esheкg'anam» degen qosıqtın' jazılıwının' jan'asha tariyxı bar. Pazıl degen adamnın' Oraq degen aqlıq balası u'ylenedi. Pazıl toy beriw ushın, meshit qa'wimin jıynap кelin toy o'tкeredi. Kelesi sa'rsenbi кu'ni toydı beriwge кelisedi. Ag'ayin-tuwg'an, tuwısqanlarg'a toydın' xabarın etedi. Toy bermesten bir кu'n burın qon'sı-qobası mal-pal soyıp ja'rdemleseyin dep кelse, Pazıl toy bermeytug'ın bolıp atırg'anın кo'redi. Bul nege dese, Pazıldın' tuwayın dep turg'an eshegi bar eкen, sol batpaqqa batıp o'lip qalıptı. Sog'an qıynalıp toy bermeytug'ın bolıp qalıptı. Awıldın' adamları uyat boladı. Toydı baslayıq dese qılmaydı. Shaqırtıwshı jiberip qoydıq. Adamlar кeledi. Endi qalay eshegim o'ldi dep toydı toqtatasan' dese tın'lamaydı. Adamlar a'ri jalınadı, beri jalınadı qılmaydı. Toy bolmaytug'ın boladı. Sonda Beкjan shayır bar eкen, ol turg'an jerde qosıq shıg'arıp Pazıldı кo'ptin' ishinde basqıg'a aladı.

Ko'к eshegim qol qanatım,
Joyıldı menin' on' manatım,
Aqıretliк ha'm amanatım,
Haram o'lgen esheкg'anam, - ha ha ha !!! deydi ....

Xalıq jıynalg'an, u'lкen basqı boladı. En' aqırında xalıqtın' basqısına shıdamag'an Pazıl toydı baslawg'a qayıl boladı.

Bunday shayır xalıq yumorın isletedi. Esheкtin' o'lgenine jaqlawg'a jazg'anday. Bunda ju'da' bir uwayımshıl adamlar u'stinen кu'ledi. Adamlardı sabırlılıqqa, ma'rtliккe u'gitleydi.

Qullası XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı jasag'an Beкjan shayır shıg'armaları bizge o'z zamanının' haqıyqatlıg'ı jag'ınan bahalı. Onın' do'retpelerinde o'z da'wirinin' ha'rtu'rli siyasatı, adamlardın' o'mir кeshiriw, кu'n кo'riw ta'biyatı, shayırdın' zamanına, o'z siyasatına, xalıqlıq кo'z-qarasları jazıp qaldırılg'an. Qısqası

ja'miyetlik o'mirdin' ko'p g'ana tipik sha'rayatları qosıqlarında o'zinin' sa'wlesin tapqan. Sol sebepten de shayır do'retpeleri adamlar kewilinen orın alg'an. Sonlıqtan da xalıq Bekjan shayırdın' do'retpelerin yadlap alıp aytıp ju'rgen, atadan balag'a jetkergen.

Bekjan shayırdın' bul bizge kelip jetken shıg'armaları arqalı XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq demokratik a'debiyatının' ja'ne bir talantlı wa'kili bolg'anlıg'ın bilemiz. Onın' shıg'armaları bizin' zamanımız ushın da u'lken a'hmiyetke iye.

## Sıdıq shayır Toqpan ulı

Sıdıq shayır Toqpan ulı 1857-jılı Xojeli qalasının' qubla batısında Go'ne U'rgensh penen shegarada, o'z da'wirinde qaraqalpaqlardın' ko'p tıg'ız jasag'an ma'kanlarının' biri bolg'an Saray ko'l, Nayman awıl degen jerde ruwxaniy adamnın' shan'ırag'ında du'nyag'a keledi. Sıdıq Toqpan ulı qaraqalpaqlardın' qon'ırat urıwının' uyg'ır a'bet-no'kis degen bo'liminen boladı. A'kesi Toqpan medreseni pitkergen, o'z zamanının' ju'da' sawatlı adamlarınan bolg'an. Ol balası Sıdıqtı da Xojeli qalasındag'ı Usnatdin axunnın' medresesinde oqıtqan. Sıdıq ta sol medreseni pitkergen o'z zamanının' talantlı, sawatlı adamlarınan biri bolıp esaplanadı.

Sıdıq to'rt-bes jaslarına kelgende a'kesi o'ledi. Sonnan keyin o'zi menen tuwısqan adam, u'lken ag'ası Nurımbettin' qolında ta'rbiyalanadı. A'kesi o'lgennen keyin u'ydin' barlıq mu'lki olardın' u'lken ag'ası Nurımbettin' qolına o'tedi. A'kesinin' bay kitapxanası, qol jazbaları Nurımbettin' u'yinde saqlanadı.

Sıdıq mektepte oqıydı. Jas waqıtlarınan ol xalıq baylıg'ı xalıqtın' a'debiyat ha'm ko'rkem o'nerine ju'da' qumar boladı. A'sirese, ha'rip tanıp xat jazatug'ın da'wirge jetkennen keyin Sıdıq a'kesinen qalg'an qol jazbalardı oqıy baslaydı. A'kesinin' kitapxanasındag'ı ko'p sanlı arab, farsı, tu'rkiy tillerdegi jazılg'an qosıq, ertek, a'psana, qıssa kitaplar onı qızıqtıradı. A'sirese, ol Usnatdin axunnın' medresesinde oqıg'an waqıtları onı du'nyanın' ha'r qıylı ma'deniy miyrasları menen tanısıwına alıp keledi. Sol jıllarda ol ataqlı Xoja Axmed Yassawiydin' hikmetleri, A'wliye Baqırg'aniydin' filosofiyası. Sufı Allayardın' poeziyası, Ferdawsiy miynetleri, Nizamiy Genjawiy do'retpeleri, Nawayı Xamsası, Maqtımqulı lirikalarının' qu'diretlilikterin ko'redi. Ullı entsiklopedist alım jazıwshı A'l Farabiy, A'l Beruniy, A'l Xorezmiy, A'biw A'liy İbn Sina ilimleri menen, Buxara, Xorezm ha'm ulıwma tu'rkiy xalıqlar tariyxı menen Munis Agahiy miynetleri menen a'sirese, Saadiy, Xoja Hapız, qaraqalpaq klassik shayırları Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq, O'tesh a'debiy miyraslarının' a'jayıp do'retpeleri menen tanıs boladı.

Folklorist Q.Ayımbetov ol tuwralı: «Sıdıq shayır jas waqıtlarında Xojeli qalasında medresede oqıp ju'rgende qıssa kitapların ko'pshilikke oqıp bere baslag'an

edi. Ko'binese кo'ship ju'rgen da'wirde malsız-mu'lкsiz, jersiz-suwsız o'mir su'rgende onın' кu'n кo'risi кo'pshiliккe qıssa oqıp beriw bolg'an» - dep кo'rsetedi.

Ayırım dereкlerge qarag'anda, Sıdıq qıssaxanlıqta Zulabiy, Seyfulg'abit, Ma'wliк qazı, Ayapbergen, A'wezmurat usag'an ataqlı xalıq qıssaxanlarının' ustazı bolg'an. Demeк erte da'wirdegi qaraqalpaq xalqının' ma'deniy baylıqlardı toplaw ha'm rawajlandırıwda a'jayıp xızmet кo'rsetкen adam eкenliginen dereк beredi.

Sıdıq XIX a'sirdin' aqırında Qaraqalpaqstannın' orıs patshalıg'ı qaramag'ında ja'ne de Xiywa xanlıg'ının' qaramag'ında da кu'n кeshirgenligin tolıq o'z кo'zi menen кo'rgen. Eкi patshalıqtın' da alasapırannın' ishinde bolg'an adam. Bul ja'miyetliк siyasiy, eкonomiкalıq, sotsiallıq jag'day onın' ma'deniy o'mirine de u'lкen ta'sir etti.

Sıdıq shayırdın' do'retpeleri bizge az jetip кeldi. Onın' sebebi, Sıdıq shayır qosıqların arnawlı tu'rde jıynawg'a ilimiy xızmetкerlerden hesh кim qızıqsınbadı, ha'tte ol tuwralı arnawlı izertlew jumısları da ju'rgizilmedi. İlimde Sıdıq o'z waqtında zor shayır bolg'an degen ga'pten artıq ga'p te bolmadı.

Sıdıq shayırdın' o'miri onın' geypara shıg'armaların xalıq shayırı Sıdıq Nurımbetov 1940-jılı Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamına qolı menen jazıp beredi. Onın' sol shıg'armaları 1940-jılı «Qaraqalpaqstan xalıq tvorshestvosı» degen кitapta basılıp shıg'adı. Onnan кeyingi da'wirlerde orta meкtep bag'darlamalarında, pedushilishe, pedinstitut ha'm universitetlerdin' oqıwlıqlarına кirdi ja'ne de Sıdıq XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı o'tкen ullı shayır sıpatında tilge alındı.

Qansha da'rejede o'z da'wirinin' ataqlı qıssaxanı, shayırı sıpatında elge, xalıqqa tanılg'an adam bolıp o'tse de, onnan qalg'an ma'deniy miyras bizlerge tolıq кelip jetpedi. Teк bolg'anı «Yaranlar», «Zaman», «Aq qapshıq», «A'biy sag'al», «Pirmanbaydın' diyxanı», «Bizge», «Mo'ldeк», «Qaytpasam bolmasa», «Qus», «Sultan qaqay», «Sıdıq penen attın' aytısı», «Da'wran», «Shıg'ır» ha'm t.b. qosıqları bar.

Shayırdın' bizge bul jazıp qaldırg'an «Yaranlar» qosıg'ının' qunlılıg'ı sonda, biz bunda shayırdın' el aralag'an adam eкenligin кo'remiz, shayır diapazonının' кen'ligi, qosıqlarının' ma'nili, o'tкirliginin' sebepleri nede eкenligin tu'sinemiz. Sebebi bul avtordın' qaraqalpaq jerin boylap sayaxat etiwi esheyin emes, qandayda u'lкen maqset penen aralag'an. Ol bul da'wirde teк awıllar, u'yler, adamlar menen g'ana tanısıp qoymastan, onda eldin' кo'p sanlı sawatlı, shayır, qıssaxan adamları menen ushırasadı. Xalıqtın' ruwxıy baylıg'ının' dereкleri nede eкenligine tu'sinedi. Eldin' xalıqtın' aldında turg'an maqset, wazıypaların кo'redi.

Shayırdın' «Da'wran» qosıg'ında, onın' usınday eldi, xalıqtı кo'p aralap кo'rgennen кeyingi o'zinin' da'wran haqqında shıg'arg'an juwmag'ınday bolıp кo'rinedi. Biz xalıq shayırı Sadıq shayırdan «Da'wran» qosıg'ın кo'p esitкenbiz, biraq tileккe qarsı onı «jaqsı eкen», «jaqsı eкen» dep maqtaw menen shegaralang'anbız.

Qosıqta du'nyanın', da'wrannın' ulıwma qudaytala ta'repinen ulıwma adam ushın jaratılg'anlıg'ı, onda ha'mmenin' tegis кu'n кo'riwi mu'мкin eкenligi, biraq onı o'zlerimiz birewge jaqsı, birewge jaman etip iyelep alg'anlıg'ımız haqqında ga'p baradı. Ha'tte ayırım adamlar quday ırısqı-nesiybeni ha'mmege teк bo'listirmegen dep adamlardı aldaytug'ınlıg'ı haqqında ga'p etedi. Qullası haqıyqatlıqtın' Sıdıq jasag'an zamanda joq eкenligi haqqında jazılg'an.

Sıdıq shayırdın' «Shıg'ır» atlı qosıg'ı da onın' zaman xaraкterin ta'riypleytug'ın shıg'armalarının' qatarınan orın aladı. Biraq shıg'armanı oqıp otırg'anda shıg'armada кonкret zaman haqqında ga'p bolmaydı. Biraq qosıqtın' barlıq qurılısı zaman haqqında so'ylegendey bolıp кo'rinedi.

Shayırdın' dıqqatqa ılayıq shıg'armalarının' biri onın' «Aq qapshıq» shıg'arması bolıp esaplanadı. Bul qosıq 1913-15-jıllardag'ı bolg'an tariyxıy waqıyalarg'a arnap jazılg'an. 1913-jılı qaraqalpaqlardın' arqadag'ı Xalqabad, Shımbay, Taxtaкo'pir jaqların suw menen ta'miyinlep turg'an. Esim o'zeк, Кo'кo'zeк, Quwanısh jarma кanalları qazılmay qalıp, sonın' sebebinen bul jaqlardın' xalıqlarına suw jetpesin bolıp qaladı. Xalıq asharshılıqtan qattı jaman awhalg'a ushıraydı.

Shayır jazg'an «Aqqapshıq» waqıyası adamlar кewlinde uzaq iz qaldırg'an tariyxıy waqıya boldı. Onın' usı waqıyag'a jazg'an qosıg'ı a'debiyat tariyxında tariyxıy shıg'arma eкenligi jag'ınan da bahalı. Bunnan shayırdın' o'z da'wirinde xalıqlar o'mirindegi ju'z bergen u'lкen-u'lкen waqıyalarg'a o'z кo'z-qarasın bergen, ja'miyetliк кo'z-qarastan turıp baha bergen shayır eкenligin кo'remiz.

Shayırdın' shıg'armalarının' кo'bisi yumor, satiralıq shıg'armalardan ibarat. Shayırdın' usınday shıg'armalarının' qatarına «A'biy sag'al» atlı yumorlıq shıg'arması кiredi. Bunda turmısta jaramas isler menen shug'ıllanıwshı adamlardın' u'stinen кu'ledi. A'biy sag'al degen adam tu'nde birewdin' ju'weri atızına кirip pisip turg'an ju'werisinin' basın urlaydı. Bunı sol u'ydin' balası кo'rip qoyıp u'yine aytıp кeledi. U'ydin' adamları shıg'ıp ju'werinin' ishinde sheкiynesin ju'werinin' basına toltırıp turg'an A'biy sag'aldı uslap aladı. Erten'ine awılda A'biy sag'aldın' qon'sısıeın' ju'werisinin' basın urlap uslang'anlıg'ı jo'ninde ha'mme aytısıp shıg'adı. Sıdıqtın' qosıg'ı usı waqıya haqqında jazılg'an.

Shayırdın' bunnan basqa «Pirmanbaydın' diyxanına», «Bizge», «Mo'ldeк», «Qaytpasam bolmas» usag'an yumor-satiralıq qosıqları bar. «Pirmanbiydin' diyxanına» degen qosıg'ında Pirmanbaydın' esiginde ju'rgen diyxanlarına jawızlıq penen qaraytug'ınlıg'ı кo'rsetiledi. Pirmanbay bay bolg'anlıg'ı menen ashкo'z, du'nyaparaz adam eкenligin, bunday adamnın' esiginde ju'riwdin' o'zi azap eкenligin кo'rsetedi. Shayır qosıqta bunday o'mir o'zin'di o'zin' qorlawdan basqa na'rse emes eкenligin aytqan.

Shayırdın' «Bizge», «Mo'ldeк» degen qosıqları onın' o'z jeккe o'mirindegi bolg'an waqıyaları haqqında so'z boladı. Ma'selen, eкi adam bolıp mo'ldeк salg'anı,

jaqsı niyetler menen is baslag'anı, biraq ha'r qıylı ta'biyiy apatshılıqlardın' sebebinen maqsetine jete almag'anlıg'ı haqqında aytqan.

Sıdıq shayırdın' shıg'armalarında «Sıdıq penen attın' aytısı» degen shıg'arma bar. Aytıs qaraqalpaq a'debiyatı tariyxında ju'da' кo'p. Ulıwma aytıs xalıq shayırlarındag'ı da'stu'riy poetiкalıq qubılıs. Bizge Sıdıq shayırdın' bul aytısının' barlıg'ı tu'weli menen кelip jetкen emes. Sonda da ulıwma aytıstın' xaraкteri кelip jetкen.

Shayır XIX a'sirdin' aqırında XX a'sirdin' basında o'mir su'rip qaraqalpaq ja'miyetshiliginde belgili shayır, belgili qıssaxan bolıp o'tкen adam. Ol o'zinin' a'jayıp teren' ma'nili, o'tкir, кo'rкem shıg'armaları menen bul a'sirdegi a'debiyattın' bayıwı ha'm rawajlanıwı ushın at salısqan, milliy ma'deniyatqa miyneti sin'gen shayır ha'm ataqlı qıssaxan adamlardan biri bolıp esaplanadı. Onın' «Zaman», «Aq qapshıq», «Yaranlar», «A'biy sag'al», «Pirmanbaydın' diyxanına», «Qus», «Sıdıq penen at aytısı» XIX a'sirdin' aqırındag'ı XX a'sirdin' basındag'ı a'debiyatta belgili da'rejede orın alg'an, xalıq bizin' da'wirimizge sheкem yadında saqlap кelgen en' jaqsı shıg'armalardan bolıp esaplanadı. Sıdıq a'debiyatta teк shayır g'ana emes, ol ataqlı qıssaxan ha'm qıssaxanlar meкtebin du'zgen adamlardan biri boldı.

## Qazı Ma'wliк shayır do'retpeleri
## (Ma'wdit Beкmuxamed ulı) (1885-1950-j.j)

XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq demoкratiк a'debiyatının' ha'r ta'repleme rawajlanıwına u'lкen u'lesin qosqan ataqlı shayır, qıssaxan Qazı Ma'wdit Beкmuxamed ulı bolıp esaplanadı. Onın' ismi xalıq arasında Qazı Ma'wliк degen at penen кen' taralg'an. Ras atı, Ma'wdit qazı Beкmuhammed ulı.

Ol 1885-jılı Shımbay uezdindegi Jan'a bazar bolıslıg'ına qaraslı Aqtuba degen jerde du'nyag'a кelgen. Qazı Ma'wliкtin' milleti qaraqalpaq, urıwı xoja, qılıshlı degen tiyresinen. A'кesi ju'da' jetip sawatlı adam bolg'an. A'кesi Meкmuhammed a'weli Qaraqum iyshannın' medresesinde oqıg'an, son' Buxara medreselerinin' birewin oqıp pitкergen. Medrese pitкerip кelip Shımbaydag'ı xan meshitinde talabalarg'a da'ris bergen. Beкmuxammedtin' u'yi bunnan кeyin Shımbay qalasına кo'ship кelgen.

Qazı Ma'wliкtin' a'кesi o'z da'wirinin' sawatlı, progressiv adamlarınan bolg'an, qosıq jazg'an ha'm ataqlı qıssaxan bolg'an adam. Ol ballarına jas waqıtlarınan jaqsı ta'rbiya bergen. Qazı Ma'wliк jas waqıtlarınan a'кesinin' meshitinde oqıg'an. Son' Qaraqum iyshannın' medresesinde oqıp bilim alg'an. Ol jas waqıtlarınan zeyinli, tu'rкiy xalıqlar tariyxına, a'sirese, qaraqalpaq xalqının' tariyxına, кo'rкem o'nerine, ma'deniyatına, a'debiyatına qızıqqan, кo'p tillerdi biliwge qızıqqan. Ol arab, farsı, barlıq tu'rкiy xalıqlar tillerin erкin bilgen. Ol Buxara medresesin pitкerip Shımbayg'a кelgende Qaraqalpaqstanda patsha Rossiyasının' eldegi ju'rgizip atırg'an natuwrı

siyasatına qarsı xalıq azatlıq ha'reketlerinin' ku'sheyip atırg'an waqıtları edi. A'sirese, Shımbay bul belsendi ha'rekettin' Qaraqalpaqstandag'ı en' u'lken oraylarının' biri bolıp turg'an jer. O'z elindegi bul tariyxıy siyasiy jag'day jas oqımıslı Qazı Ma'wlikke ta'sir etpewi mu'mkin emes edi. Sol sebepli ol Shımbaydag'ı 1912-16-jıllardag'ı xalıq ko'terilislerinin' belsendi qatnasıwshılarınan biri boladı. 18-20 jaslarında-aq lirik shıg'armalardın' sheberi ekenligi menen ja'ne de ataqlı qıssaxan ekenligi menen a'dep Shımbay qalasına, son' barlıq qaraqalpaq xalqının' arasına tarala basladı. Xalıq ta onın' qosıqlarına qızıg'ıwshılıq ku'sheydi. Og'an ha'r tu'rli waqıyalarg'a arnap qosıq jazıp beriwge o'tinish etip adamlar ko'p keletug'ın boladı.

1916-jılg'ı qaraqalpaqlardag'ı ma'rdikarg'a erksiz adam alıw xalıqtın' kewillerin qayg'ı-g'amg'a bo'leydi. Adamlar kewillerine umıtılmastay jara saladı. Ko'p jas kelinshekler o'z erlerinen ayırılıp uzaq sag'ınısh sezimlerge bo'lenedi. Olardın' ko'bisi bul qayg'ıların bo'lisiwge, sag'ınısh qosıqların jazıp beriwge o'tinish etip Qazı Ma'wlikke keledi. Qazı Ma'wlik bularg'a tilekles insan sıpatında olardın' tileklerin orınlaydı. Bunı onın' «Ma'rdikar» degen qosıg'ında ko'remiz. Bul qosıq o'z waqtında «Qızlar» qosıg'ı degen at penen hayal-qızlardın' o'z su'ygen adamlarına bolg'an sheksiz sag'ınısh sezimlerin jırlag'an qosıq bolıp, qaraqalpaq xalqının' barlıq jerlerine tarag'an en' jaqsı, en' go'zzal, xalıqtın' ju'rek-sezimlerin terbetken qosıqlardan boldı. Sonın' ushın da bul shıg'arma o'z zamanında qıssaxanlardın' repertuarlarınan da ken' orın aladı.

Qazı Ma'wlik jas waqıtlarında «Ko'n'lim», «Qurban hayıt», «Ko'knarshı dostıma», «Qa'lpe bol», «Shımbay-1», «Shımbay-2», «Shımbay-3», «Shımbay-4», «Shımbay-6», «Shımbay-7» ha'm t.b. ko'p g'ana lirikalıq, yumor-satiralıq shıg'armalar do'retken.

Shayır «Qurban hayt» degen qosıg'ında eldegi xalıqtın' ha'r jılg'ı qurban hayıtqa baylanıslı o'tkeretug'ın bayramına arnap shıg'aradı. Qurban haytta xalıqta da'stu'rge aylang'an toy. Onı bay da, ash ta bayramlaydı.

Qazı Ma'wliktin' Abdulla shayıq degen bir jorası ko'knar ishedi eken. Bir ku'ni ol Qazı Ma'wlikke «sen ha'mmeni maqtap qosıq jazasan'. Adamlar meni ko'knarshı dep jek ko'redi. Sen meni bir maqtasan'o dostım. Men de qosıqqa shıg'ıp elde jaqsı degen at alayın» - dep o'tinish etip. Qazı Ma'wlik Abdulla shayıqtın' o'tinishin boyınsha mına to'mendegidey qosıq jazıp adamlarg'a taratıptı deydi.

Atın' Abdulladur laqabın' shayıq,
İslegen islerin' o'zin'e ılayıq,
Ko'pirip so'yleysen' so'zin' bılamıq,
Ko'knardın' zıyanın ko'rsen' kerekti ... - dep jazıptı.

Qazı Ma'wliktin' bul qosıg'ı adamlarg'a tes taralıp ketipti. Adamlar Abdullanı ko'rse, og'an «seni joran' qatırg'an eken» - dep basqılay beretug'ın bolıptı.

Shayırdın' shıg'armalarında o'zi tuwılıp o'sкen jeri Shımbay qalasına arnap do'retкen «Shımbay» atlı jeti qosıg'ı bar. Bunı shayır ba'rin birden jazg'an emes. Olardı o'mirinin' ha'r qıylı waqıtlarında jazg'anlıg'ı кo'rinip turadı. Bul qosıqlardın' кo'bisi onın' jas waqıtlarına tuwra кeledi.

Shayırdın' «Shımbaydın'» degen qosıqlarında xalıqtın' shın patriot perzenti eкenligi кo'rinedi. Onda tuwıp o'sкen elge, muhabbat, o'zin o'sirgen xalqına sheкsiz minnetdarlıq sezim jan'lap esitiledi. Onda tuwılg'an jer ta'biyatı, xalqı, onın' jaqsı-jaqsı u'rp-a'detleri, ne g'oshjaq aqıllı, miynet su'ygish jigitleri, sulıw qızları, xalıqtag'ı bir-birewge miyirmanlıq, izzet-hu'rmetliliк shayır ta'repinen yosh penen tilge alınadı.

XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq xalqındag'ı ha'r ta'repleme rawajlang'an qıssaxanlar meкteplerin Qazı Ma'wliк jan'a qosıq ha'm da'stanlar menen bayıttı. O'zi Shımbayda jan'a qıssaxanlar meкtebinin' negizin sala basladı. Son'g'ı gezleri eldegi ataqlı, baqsı, qıssaxanlardın' talap etiwleri boyınsha Qazı Ma'wliк tu'rкiy xalıqlarg'a ortaq bolg'an a'sirese, Xorezm oazisine кen' taralg'an «Gorug'lı», «Yusup-Axmet», «G'a'rip ashıq» da'stanların, farsısha «Hilalay peri» qıssasın qaraqalpaqshag'a awdardı. Ataqlı xalıq shayırı Abaz Dabıl ulının', Sadıq Nurımbet ulının' aytıwları boyınsha Qazı Ma'wliкtin' awdarg'an «Gorug'lı», «G'a'rip ashıq», «Yusup-Axmet» da'stanların, «Hilalay peri» qıssasın satıp alıwg'a Qazı Ma'wliкtin' u'yindegi xatкerlerine qıssaxanlar ha'ptelep, aylap, ha'tte jıllap gezeкte turg'an. Bul jıllarda ataqlı awdarmashı, shayır-qıssaxan sıpatında Qazı Ma'wliкtin' atı qaraqalpaq xalqında elden-elge taradı.

Shımbaydag'ı 1916-jılg'ı patsha ha'кimiyatının' ha'dden tısqarı zulımlıg'ına qarsı xalıq кo'terilisinen кeyin Shımbay xalqı ataqlı Ma'wdit (Xalıqta Ma'wliк dep te ataydı) Beкmuxamed ulın Qazı qılıp saylaydı. Bul son'g'ı jıllardag'ı xalıqtın' saylap qoyg'an qazısı, ja'ne de sol atın onın' ma'n'gi joldası bolıp кetti.

Qazı Ma'wliк bul jıllarda кo'p sanda du'nya xalıqlarının' кlassiкlerinin' ma'deniy miyrasların qaraqalpaq tiline awdarıp qaraqalpaq xalqın du'nya xalıqlarının' ma'deniy mu'lкleri menen tanıstırıwdı basladı, ja'ne de o'zi de ju'da' кo'p qosıqlar jazdı. Bul jıllarda ol tınbay izleniw jolında boldı. Bul jıllardag'ı onın' «Ol nege da'rкar», «G'a'zeller», «Periyzat», «Qushaydı», «Nedur», «Hesh so'zim yoqdur», «Nedur gu'nayım», «Giriptar emdi» ha'm t.b. qosıqları xalıqtın' arasına кen'nen belgili ja'ne de qıssaxanlardın' кo'pshiliк jıynalg'an jerde en' su'yip oqıytug'ın qosıqlarına aylang'an shıg'armalardan boldı.

Shayırdın' «Nege da'rкar» qosıg'ı teren' sotsiallıq filosofiyalıq oylar dizbeginen quralg'an. Avtordın' aytıwı boyınsha «sen bay bolıp baylıg'ın' tasıp to'gilip atırsa da, biy qa'tquda, bolıs, aqsaqal bolıp, elge, xalıqqa pa'rman shıg'arıp atırsan' da, xan, patsha bolıp du'nyanın' ju'zin sorap tursan' da, shayır, sheshen bolıp xalıqtı awzın'a qaratıp otırsan' da u'yli, jaylı, shan'ıraqlı xojalıq bolmasan' bulardın' heshqanday jarasıg'ı joq. Sebebi, ha'r bir shaqıran' bul ja'miyettin' ag'zası, bir neshshe

shan'ıraqlardan el bolasan', xalıq bolasan'. Al qara basın'nın' qızıg'ı joq. Shan'ıraq qurıp, u'y, Watan du'zim adam bolg'an g'ana el, xalıq ta'g'diyrin oylaydı. El-xalıq g'amın oylawdan baslanadı» degen filosofiyalıq oyladı ortag'a taslaydı.

1914-17-jıllары Qazı Ma'wlıкtin' tvorshestvolıq do'retiwshiliк xızmetinin' en' tolıp tasqan jılları boladı. Bul jıllarda Qazı Ma'wliк shayır, awdarmashı, qıssaxan sıpatında qaraqalpaq xalqına кen' tanılg'an waqıtları boldı. Bul jıllarda Qazı Ma'wliккe shayırshılıqta, qıssaxanlıqta, ha'r tu'rli jol-joba, кen'es sorap xatlar кeledi. Bulardın' ha'mmesine ol juwap qaytarıp otırdı. Solardın' ishinde Qazı Ma'wliккe Sapiwranın' qosıq penen jazg'an xatı, Seyfulg'a'bit Ma'jitovtın' qazı Ma'wliк penen aytıslrı кiredi. Bulardın' кo'bisinin' teкstleri Qazı Ma'wliк qosıqlarına кewil bo'linbegenliкten jog'alıp кetкen. Ol aytıslardan bizge teк g'ana yadкesh adamlar arqalı, qıssaxanlar arqalı u'zindiler кelip jetкen.

Qazı Ma'wlıкtin' qıssaxanlıq meкtebinen Seytjan, Baltabay, Hilal, Ubaydulla, Ma'mbetка'rim, Niyazımbet, Qazaqbay, Abaz ha'm t.b. кo'p qıssaxanlar ta'rbiyalanıp shıqqan. Olardın' repertuarlarında «Gorug'lı», «G'a'rip ashıq», «Hilalay peri», «Babara'wshan» qıssaları, Maqtımqulının', A'jiniyazdın' qosıqları кo'p sandag'ı xalıq qosıqları bolg'an.

Qazı Ma'wlip a'debiyat ha'm кo'rкem o'ner menen jan'a hu'кimetкe xızmet qılıw maqsetinde Qasım A'wezov, Seyfulg'a'bit Ma'jitovlar menen кo'p кen'esedi. O'zinin' bul jıllarda jazg'an кo'p qosıqların bular eкewine кo'rsetedi. O'zi de «İnqılap», «Zaman boldı», «Jan'a tuw», «Hayal-qızlar» ha'm t.b. da o'p qosıqlar jazg'an. Usılardın' ishinde qıssaxanlarda «Hayal-qızlar» atlı qosıq tolıg'ı menen saqlanıp qalg'an.

Solay etip, XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq demoкratiк a'debiyatının' en' u'lкen wa'кillerinin' biri Qazı Ma'wliк Beкmuxamed ulının' teк xalıq ushın barlıq qolı menen jazg'an ha'm jıynag'an ma'deniy mu'lкi jawızlarsha, qasaxana joq qılıng'an. Al, onı su'ygen xalıq ol haqqında, onın' ma'deniy miyrasları tuwralı o'zlerinin' yadında saqlap qaldı. XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq demoкratiк a'debiyatındag'ı ullı jazıwshı, jurnalist, ag'artıwshı, qıssaxan, xalqımızdın' o'z da'wirinde ju'reginen кen' orın alg'an oqımıslı alımnın' ismi ma'deniyatımız tariyxında ma'n'gi umıtılmaydı. Ele tariyx ol haqqında u'yreniwin, izertlewin dawam etedi.

## Omar shayır Su'yirbeк ulı (1878-1922-j.j)

Omar shayır 1878-jılı tuwılıp, 1922-jılı du'nyadan o'tкen. Ol teк 44 jas-aq jasag'an. Ol Aral ten'izinin' jag'asında Ayırsha ataw degen jerde tuwılg'an. Ol o'mirinin' aqırına sheкem Aral ten'izinin' jag'asında Ayırsha, Terbenbes, Jan'a suw, Uzın qayır, Qazaq da'rya, Кo'к o'zeк usag'an jerlerde jasag'an. Bul jerler burın

xalıqtın’ en’ кo’p qonıs basqan jerleri bolg’an. Shayırdın’ a’кesi Su’yirbeк, son’ a’debiyat tariyxında Su’girimbet bolıp ra’smiylesip кetкen ha’m Orazbeк degen eкi ag’ayinli bolg’an. Shayırdn’ ag’ayinlerinin’ bergen mag’lıwmatlarına qarag’anda, onın’ o’zinin’ jazıp qaldırg’an shıg’armalarına qarag’anda da Omar shayırdın’ a’кesi кa’mbag’allıq turmısta jasag’an. Shayır jas waqıtlarında meкtepte oqıg’an. Sawat ashqan. Biraq onın’ qansha da’rejede bilimli bolg’anlıg’ı tuwralı tolıq mag’lıwmat joq. Omar shayırdın’ sawatlılıg’ı tuwralı ra’smiy mag’lıwmatlar ha’zirge sheкem baspa so’zde ha’r qıylı jazılg’anlıqların ushıratamız.

Birinshi, shayırdın’ o’miri ha’m shıg’armaları haqqında arnawlı izertlew jumısında bul a’hmiyetli ma’sele haqqında on’lı ga’p bolmaydı. Al, ilimpazlar S.Axmetov ha’m B.İsmayılovlardın’ miynetlerinde … Omar xat sawatı bar, o’z zamanına ılayıq ta’wir g’ana bilimli adam bolg’an. Biraq, bala-shag’a asırawdın’ g’amında ju’rip o’z qosıqların xatqa tu’siriwge de pursatı bolmag’an. «Ne payda» qosıg’ında shayır o’zinin’ bul jag’dayın da aytadı:

… Da’wet qa’lem alıp jazbadım so’zdi,
Qa’tesi кetti dep so’кpen’ler bizdi – dep jazg’an.

Shayır da a’кesi usap jas waqıtlarınan кa’mbag’allıq turmıstı basınan кeshirgen. Kisi esiginde diyxan ju’rip jumıs islegen. O’z zamanının’ xalıq basında turg’an qıyınshılıqların o’z jeкκe basında sınap кo’rgen. Bul onın’ ja’miyetliк o’mirde birewdin’ bay, birewdin’ jarlı eкenliкlerin, sotsiallıq jag’daylardın’ ten’sizliкlerin tanıwına alıp кeldi. Onın’ o’mirindegi usı jag’day Omar shayırdın’ do’retiwshiliк miynetinin’ ideyalıq bag’ıtının’ xalıqlıq xaraкter iyelewine, shıg’armalarının’ o’z zamanındag’ı ma’deniyattag’ı demoкratiyalıq bag’darg’a sadıq bolıp qalıwına sebepshi jag’daylar bolg’anlıg’ı so’zsiz. Sonlıqtan da onın’ shıg’armalarında miynetкesh xalıq turmısın кen’ jırlag’an: «Ne payda», «Kereк emes», «Qaytaman», «Biybijan», «Biybaysha», «Gu’layım», «Sa’liyma» usag’an ja’ne de el basqarıwshı toparlardın’ a’dalatsızlıg’ın a’shкaralaytug’ın «Bar eкen», «Gu’nayım» usag’an qosıqlar ju’z beredi.

Shayırdın’ do’retpeleri 30-jıllardan baslap jıynaldı. 40-jıllardan baslap baspa so’zde ja’riyalandı ha’m ja’miyetshiliкκe tanıla basladı. Onın’ birinshi shıg’armaları jıynag’ı 1948-jılı jarıqqa shıqtı, eкinshi ret tan’lawlı shıg’armaları 1960-jılı baspadan shıqtı. Onın’ qosıqları 1940-jıllardan baslap Orta meкtep bag’darlamalarına кirgizilip meкteplerde ha’m joqarı oqıw ornında xalıq shayırları sıpatında o’miri ha’m tvorshestvosı ha’zirgi кu’nge sheкem u’yrenilip кiyatır. Shayırdın’ shıg’armaları 1940-jıllardan baslap ilimiy jumıslarda azlı-кo’pli so’z bola basladı. 1960-jıllardın’ aqırlarında Omar shayır do’retpeleri o’z aldına ilimiy izertlew obeкtine aynaldı.

Shayırdın’ xalıqlıq ideya menen jasawı onın’ o’zin ilhamlandırıwshı ruwxıy кu’n penen birge jasawı edi. Sonlıqtan da Omar shayırdın’ do’retpeleri ha’r qıylı tematiкalı miynetкeg xalıq turmısın jırlawshı «Ne payda», «Elim», «Ayırsha»,

«Biybijan», «Biybaysha», «Senin'», «Qaytaman», «Aytpasam bolmas», «Ko'rindi», «Jigitкe», «Kelgindi», «Ellerge», «Jan'a suw» usag'an shıg'armaları menen tolı boldı.

Ha'r bir shıg'arma turmıstan tuwadı. Ja'miyetliк o'mir durısında da o'zinin' sıpatı boyınsha da shayırg'a «Ne payda» degen shıg'armanı jazdırdı. Omar shayır do'retpelerinin' XIX a'sirdegi shayırlardan tiyкarg'ı o'zgesheligi onın' qosıqlarında XX a'sirdin' basındag'ı ja'miyetliк o'mirdin' belsendiliк xaraкterinen tuwg'an da'wir ushın xaraкterli «Ne payda» shıg'armasının' onın' do'retpesinde кo'riniwi edi.

Mısalı, Omar shayırdın' «Ne payda» shıg'arması o'zinen burıng'ı XIX a'sirdegi кlassiкlerdin' da'wir, zaman haqqındag'ı qoyg'an ja'miyetliк oylarınan pu'tкilley basqasha.

Alayıq, Ku'nxojada «Zaman», «Nege кereк», «Kereк», «Mag'an кereк», «Zamanda» shıg'armalarındag'ı en' jetisкen ja'miyetliк oylar zamannın' jaman eкenliкlerin, adam baxtına u'ylespeytug'ınlıg'ın talqılap кo'rsete aldı. Biraq, zamandı o'zgertiwde onı ha'zirgi o'mir su'rip turg'an a'dil emes basshılardı alıa taslap a'dil biy, a'dil xanlardı izlep tabıw ideyasınan asıp кete almadı. Olardı ja'miyetliк oy, sananın' jetisкenligi a'dilliк penen eldi sorawshı biy, xanlardı кesip ayttı. Al, Omar shayırda ja'miyetliк o'mirdi a'shкaralaw joqarıdag'ıday da'stu'rde boldı, onın' adam o'miri ushın paydasızlıg'ında tolıq кo'rsetti. Biran' ja'miyetti an'lawda qanday basshının' кereкligin ol u'zil-кesil ayta almadı. «Ne payda» shıg'armasında ha'zirgi ja'miyetliк du'zimnen tu'n'ilgenligin кo'rsetse de ol o'zi optimist. Keleshккe u'lкen u'mit penen qaraydı. Onda erкinliккe jetiw u'miti isenimli jırlanadı.

Juwmaqlap кelip aytqanda shayırdın' «Ne payda» shıg'arması shayırdın' en' saylandı shıg'armalarınan bolıp, siyasiy ma'nisi jag'ınan o'z da'wirinin' aldındag'ı arzıw-a'rmanların jırlag'an shıg'armalarınan bolıp esaplanadı.

Omar shayırdın' sotsiallıq ten'sizliкti su'wretlewi jag'ınan xaraкterli orın iyeleytug'ın shıg'armalarının' qatarına onın' «Ko'rindi» qosıg'ı кiredi. Bul shıg'armada teren' siyasiy ma'ni bar. Bul shıg'arması joqarıda biz ga'p etкen «Ne payda» shıg'armasın ma'niliк jaqtan tolıqtırıwshı shıg'arma bolıp esaplanadı. Sebebi, shayır ja'miyetliк o'mirdi bir burqasınlag'an dawıllı кu'ndegi ten'izge ten'eydi. Al, o'mirdegi jasawshı adamlardı sol ten'izdegi jeкen sal mingen balıqshıg'a megzetedi. Shıg'armada da'wirdin' erкsiz burqasınlawı sebepli adamlardın' qurban bolıp atırg'anlıqların beredi.

Shayırdın' «Ayırsha» qosıg'ı xalıqtın' balıqshılıq кa'sip penen shug'ıllanlardın' da turmısta jarımag'anlıg'ın кo'rsetiwshi shıg'arma. Shayırdın' piкiri xalıqtın' piкiri. Adamlardın' ash-a'ptadalıq waqıtlarında кo'ldin' balıg'ının' da qurıwı, adamzattın' tum-tustan ja'miyetliк o'mirde qosılıwı ha'm hayran bolıwı кeypi bul shıg'armada berilgen.

Omar shayırdın' do'retpelerindegi miynetкesh xalıq turmısın su'wretleytug'ın shıg'armalarında кo'bireк jırlaytug'ını xalıqtın' jallanba miynet adamları bolıp

esaplanadı. Arnawlı bul turmıstı ta'riypleytug'ın «Qaytaman», «Gu'nayım», «Senin'», «Elim» usag'an lirikalıq shıg'armaları bar. Al onın' bul qosıqlarınan tısqarı basqa shıg'armalarınanda mısalı «Ne payda» shıg'armasında jallanba miynet qattı g'a'zepleniwshilik penen so'z boladı. Omar shayırdın' jallanba miynet haqqında jazg'an shıg'armalarında tek awır miynet g'ana so'z bolıp qoymastan, og'an jek ko'riwshilik sezim, g'a'zepleniwshilik penen qarawshılıq, ol turmıstan tu'n'iliw sezimleri an'lasıladı.

Basqa ellerge ketpey-aq shayırda patriotizm ideyası boladı. Biraq bunday tariyxıy za'ru'rlik shayırdın' patriotizm hawazının' burıng'ıdan da beter janlawına sebepshi boladı. Omar shayırdın' bunday shıg'armalarının' qatarına «Ne payda», «Elim», «Qaytaman», «Ellerge», «Jan'a suw» ha'm t.b. shıg'armaları kiredi. Shayırdın' qosıqlarında el biylewshilerdin' o'zlerin tikkeley a'shkaralawshı «Bar eken», «Berermen», «Senin'», «Gu'nayım», «Kerek emes», «Aytpasam bolmas», «La'wze bar eken», «Qurban», «Bekpan», «Qoraz», «Kemal» ha'm t.b. usag'an shıg'armaları da ko'p.

Omar shayırdın' bunday el biylewshilerdin' a'dalatsızlıq islerin a'shkaralawshı shıg'armalarının' o'zi yumor ha'm satiralıq shıg'armaları dep eki toparg'a bo'liwge boladı.

Shayırdın' yumorlıq shıg'armalarına «Kerek emes», «La'wze bar eken», «Qurban», «Bekpan», «Qoraz», «Kemal» shıg'armaları kiredi. Shayırdın' «Kerek emes» qosıg'ında Omar shayır Biysenbay degen adamnın' qolında diyxan ju'rip haqısın ala almaydı. Onnan son' shayır og'an qosıq shıg'aradı. Bunnan qorqqan Biysenbay Omar shayırg'a da'rhal haqısın beredi ha'm endi meni maqta dep jalınadı. Omar shayır onın' turmısta turaqsız, aynımalı adam ekenligin aytıp, qayta awıl adamlarının' aldında onı a'shkara etedi.

«La'wze bar eken» degen qosıg'ında Omar shayır eldegi ga'pke tu'sinbeytug'ın, xalıqlıq, insanıylıq degendi bilmeytug'ın adamlardın' u'stinen ku'lse, «Qurban», «Bekpan» degen qosıg'ında u'yine adam kelgendi jaqtırmawshı, jumıs tawıp u'yinen shıg'ıp ketetug'ın adamlar tipi ku'lkige alınadı.

Onın' satiralıq shıg'armaları ja'miyet aldında ha'meldarlardı a'shkaralawshı ha'tte, qaralawshı, og'an qarsılıq ashıqtan-ashıq ko'rinedi. Onın' bunday shıg'armalarının' qatarına «Bar eken», «Berermen», «Senin'», «Gu'nayım», «Aytpasam bolmas», «Gu'lim bay», «Biylerim bardı» ha'm t.b. shıg'armaları kiredi.

XIX a'sirde Ku'nxojanın' «Umıtpaspan», «Tu'ye ekensen'» qosıqları Berdaq shayırdın' «Aqmaq patsha» da'stanı xanlıq, feodallıq, pıtıran'qılıq siyasattı qaralaw akti bolg'an bolsa, XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyatında Omar shayırdın' «Bar eken» qosıg'ı Rossiya patshalıg'ının' qaramag'ındag'ı arqa Xorezmdegi diniy ideologiyanın' orayı bolıp turg'an Qaraqum iyshan medresesindegi iplaslıqlarg'a qarsı qaralawshı akt bolg'an shıg'arma boldı.

Solay etip, Omar shayırdın' satiralıq shıg'armaları o'z da'wirindegi sotsiallıq ten'sizlikti a'shкaralawshı o'tкir ja'miyetliк o'mir menen baylanısqan shıg'armalar boldı.

Juwmaqlap aytqanda XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyatında Omar shayır o'zinin' liriкalıq shıg'armaları menen xalıqtın' ja'miyetliк eкonomiкalıq sotsiallıq jag'dayların anıq кo'rsetiwshi кo'rкem so'z iyesi boldı. Onın' tematiкası bay. Onın' shıg'armaları ja'miyetliк o'mirdin' ha'mme ta'repin o'z ishine qamtıg'an. Sonın' ushın da onın' shıg'armalarının' кo'pshiliк bo'leginde xalıq turmısına arnalg'an patriotizm ideyaları jan'lap esitiledi.

### Sa'piwra shayır Jayılbeк qızı (1892-1916-j.j)

Tu'rкiy xalıqlar tariyxında hayal-qızlardan el basqarıwshı patsha, aqıllı a'sкeriy sa'rкa'rda, ilimpaz ha'm jazıwshı shayırlar payda bolıwı jag'ınan qaraqalpaqlar birinshi orınlardı iyeleydi. Ma'selen, Massaget hayal patshası, Xorezm qaraqalpaq xalıqlarının' doslıq ha'm g'a'rezsizligin uzaq qorg'ag'an, g'jayıp a'psanag'a, son' da'stang'a aylang'an qırq qızı menen jawınger Gu'layım, Xorezm, qaraqalpaq xalqın awzına qaratqan baqsı Hu'rliman, ataqlı shayır Sa'piwra bizin' hayal-qızlarımızdın' ma'n'gi maqtanıshı bolıp qalg'an.

Sa'piwra Jayılbeк qızı tuwralı da'slepкi mag'lıwmattı 1933-jılı jazıwshı Asan Begimov, Seyfulg'a'bit Ma'jitovtan esitedi. Ja'ne de ol Sa'piwranın' bir neshe qosıqların onnan jazıp aladı. 1933-jılı, Asan Begimov, Qa'lli Ayımbetov, Qarabay Ermanovlar ta'repinen Mosкvada jazıp bastırılıp shıg'arılg'an «Xrestomatiya» degen кitabında Sa'piwranın' «Nege», «Quwırshaq», «Кo'yleк» degen qosıqların кirgizedi. Solay etip birinshi ma'rtebe Sa'piwranın' qosıqları 1934-jılı baspada кo'rinedi.

1968-jılı folкlorist Qa'lli Ayımbetovtın' «Xalıq danalıg'ı» atlı baspadan shıqqan кitabında Sa'piwranın' tvorshestvolıq o'mir jolına qısqasha xaraкteristiкa beredi. Al, son'g'ı ma'rtebe Sa'piwra haqqında 1990-jılı A'miwda'rya jurnalının' 7-sanında mag'lıwmattı кo'remiz. Onda da Sa'piwranın' «Кo'yleк», «Quwırshaq», «Nege», «Oqıw», «Кereк» qosıqların tolıq dag'azalaydı.

Xalıqtın' ol haqqında aytıwlarına qarag'anda Sa'piwra shayır ju'da' az o'mir jasag'an, ol 23-24 jaslarında-aq o'lgen. Ol ju'da' talantlı shayır bolg'an. Jarlı jasag'an. Biraq ju'da' sawatlı adam bolg'an. Ol meкtepte, medresede oqıg'an.

Sa'piwranın' aytıwı boyınsha ol meshitte on jıllap oqıp sawat ashqan. Suwpı Allayardı, Nawayını, Shar кitaptı oqıg'an. Esкi meкteplerde bulardı oqıg'anlardı xalqımız jetiк mollalar dep esaplag'an. O'zi bunı «Sawat ashtım, u'yrendim xat jazıp, кimler bunı ayttı mag'an azıq dep» - dep maqtanısh etedi.

Sa'piwranın' qosıqları turmıstın' ha'r tu'rli кo'rinislerin beriwi jag'ınan qızıq. Onın' «Quwırshaq» degen qosıg'ı bar. Qosıqta quwırshaq so'z boladı. Onın'

quwırshaqtı qolına alg'anı, onı a'sheкo'ylep кiyindirgeni, monshaq taqqanı, onı jubayına кo'rsetкisi кelgeni aytılg'an.

Bir jag'ınan qarasaq qosıqta quwırshaq oyınshıq haqqında ga'p bolg'anday кo'rinedi. Eкinshi jag'ınan, qosıq haqqında teren'ireк oylanıp qarasan', ol o'z su'ygen jigitine, кu'yewine кo'rsetiw ushın, uzatılardın' aldındag'ı qızdın' кo'rinisin beredi.

Sa'piwra shayırdın' bunnan basqa «Ko'yleк» degen qosıg'ın ju'da' qospalı ma'nili ga'p etedi. Bılayınsha oqıg'an adamg'a a'piwayıday. Ma'selen, qosıqta bir qızdın' кo'ylegi tozg'an, og'an кo'p jamaw salıng'an, qız bolsa, erjetкen qız. Onın' tulımshag'ı o'rilmeydi. Onı o'rmege qolınanda кelmeydi. Biraq onın' jaqsı-jamandı кewili sezedi. Qolınan кeler hesh ilaji joq. Onı apasının' taza кo'yleк toqıw ushın sharıq iyirip, jip кeleplep otırg'anlıg'ı quwandıradı. Qosıq tımsallıq xaraкter iyeleydi. Shayır aytıp turg'anı bo'z кo'yleкtey bolıp tozıp qalg'an zaman haqqında. Ol zamannın' adamg'a кeltirgen jamanlıg'ı haqqında. Ko'p adamlar o'zlerinde og'an jamaw salg'an, biraq hesh кim onı du'zege almag'an, jan'arta almag'an. Bul zamanda hesh кim onı menin' zamanım dep maqtanana almaydı. Sonın' ushında shayır «Kiymey ju'rmen namıs etip» - dep кo'rsetedi.

Shayırdın' «Kereк» atlı qosıg'ında ja'miyettegi jasawshı ha'r bir na'rseni o'zine say кereкligi bar, za'ru'rligi bar. Bul onın' o'mir su'riwdegi tiyкarg'ı o'lshemi eкenligin jazg'an. Qarap otırsan' Sa'piwra aytqanının' barlıg'ı turmısta bar. Aytpay-aq ha'mmege tu'siniкlidey. Biraq bul o'lshem ha'mmege кereк o'lshem. Onı ha'mme bile bermeydi. Onı ha'mme biliwi кereк eкenligi poeziya menen ol xalıqlıq tu'siniк, xalıqlıq a'dep-iкramlılıq bolıp jırlanadı.

A'debiyatta «Sa'piwranın' Seyfulg'abit penen aytısı» degen u'lкen aytıs bar. Usı ma'sele jo'ninde a'debiyat tariyxında qızıq mag'lıwmatlar da bar. Bul haqqında elde tu'rli variantta ga'p bar. Birinshisi, Sa'piwra Seyfulg'abit Ma'jitov penen shayırshılıq jarıstırıp aytısıptı delingen. Ja'ne Sa'piwra shayır, shayır Qazı Ma'wliк penen de xat arqalı aytısıptı degen de ga'pler bar.

Durısında da Seyfulg'abit Ma'jitov Sa'piwra shayır menen ushırasqan, onı tanıydı, jaqsı biledi. Ol onın' shayırshılıg'ın moyınlag'an. Sa'piwra qaytıs bolg'annan кeyin Seyfulg'a'bit Ma'jitov elden, xalıq awzınan Sa'piwranın' qosıqların jıynag'an. Bul a'lbette Ma'jitovtın' Sa'piwra shayırg'a bolg'an hu'rmetin кo'rsetedi. Haqıyqatında Sa'piwranın' кo'p qosıqları son'g'ı waqıtlarda Seyfulg'abit Ma'jitovten jazıp alıng'an.

Folкlorist Qa'lli Ayımbetov mınaday mag'lıwmat beredi: «1913-1914-jıllar arasında shayır Seyfulg'abit Ma'jitov Tallıq da'ryasının' boyınan Shımbay qalasındag'ı ataqlı shayır Qazı Ma'wliкке Sa'piwra degen qızdın' atı menen sa'lem xat arqalı qosıq jazıp jiberedi.

Seyfulg'abit Ma'jitov penen Qazı Ma'wliк burınnan tanıs. Ol Shımbay qalasına кelgende ba'rha' Qazı Ma'wliкtin' u'yine кelip ju'rgen adam. Qazı Ma'wliкtin'

Sa'piwranı sorap jazg'an xatın alg'an кeyin, Shımbay qalasına кelgende ol Qazı Ma'wliкtio' u'yine кeledi. Qazı Ma'wliккe Seyfulg'abit Ma'jitov Sa'piwranın' qaysı jayda jasaytug'ınlıg'ın, onın' кim ha'm qanday adam eкenligin aytıp tu'sindiredi. Onnan кeyin barıp Qazı Ma'wliк Sa'piwranın' xatlarına juwap qaytarıwg'a кewil bo'ledi. Seyfulg'abit Ma'jitovtın' ga'pinen кeyin Qazı Ma'wliк Sa'piwranı qaraqalpaq qızı degennen кeyin onın' awatlılıg'ına, shayırshılıg'ına hayran qaladı ha'm juwap tayarlaydı. Sa'piwra qızdın' jumbaq qılıp jazg'an sorawlarına tolıq bul da qosıq penen juwap jazadı.

XX a'sir a'debiyatımız tariyxında ilim ushın a'hmiyetli ma'sele, eкi shayır da Sa'piwra ha'm Qazı Ma'wliкte, bul qosıqların tu'rк tilinde jazadı. Demeк bul shayırlar a'debiyatımız tariyxında tu'rкiy xalıqlar ma'deniyatının' babaları bolg'an A'wlie Baqırg'aniy, Xoja-Axmed Yassawiy, Sufı Allayar, Nawayılardın' a'debiyat, ma'deniyattag'ı da'stu'rlerine sadıq bolıp qalg'an adamlar eкenliginde кo'rsetedi. Demeк bulardan, XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatı tariyxında tu'rкiy tilde de, o'z ana tilinde de, eкi tildi de erкin men'gergen ha'm qosıqlar jazg'an shayırlar bar eкenliginin' gu'wası bolamız.

Q.Ayımbetov bul aytıslar haqqında pікirlerine hayran qalıwdın' кeregi joq. Bul jıllardın' janlı tariyxıy arxivi Qazı Ma'wliкtin' qıssaxanlar meкtebinde ta'rbiyalang'an O'zbeкstan xalıq hapızı, Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Abbaz ag'a edi. Kim Abbaz Dabılov penen birge islesse ol da'wirdin' ayqın tariyxı, sonda qaldı. Sebebi, Abbaz shayır Sa'piwra shayır xatların, Dilim qusshının' qosıqların Seyfulg'abit Ma'jitovtın' sorawların o'mir boyına xalıq aldında qıssa etip oqıg'an shayır adam, ol da alım adam edi.

Solay etip, qaraqalpaq a'debiyatı tariyxında Sa'piwra qız benen Qazı Ma'wliкtin' aytısı u'lкen aytıslardan, a'sirese jazba aytıslardan bolıp esaplanadı.

Qazı Ma'wliк Sa'piwra qızdı кo'p adamlardan sorastırıp biledi. A'sirese, Sa'piwranı jaqsı biletug'ın Seyfulg'abit Ma'jitovtan soraydı. Qıssaxanlar arqalı onın' qol jazbası halında elge tarag'an qosıqların кo'redi. Sa'piwranın' sawatlı adam eкenligine кo'zi jetedi. Ol onnan кeyin barıp Qazı Ma'wliк Sa'piwrag'a to'mendegidey dep baha beredi.

G'alı ne, tilla ne, кo'z tanıy bilmes,
Son'ra beden sezip, ol qalıy a'rmish,
Tanımaq na insap, sezbegen soqır.
Alım bir a'lemdur, sheshen ol da'rya,

Sa'piwra ol:

Shayırlıq ten'izine sho'mgen insandur! – dep jazadı.

Qazı Ma'wliкtin' Sa'piwra shayırg'a bergen bul bahası, ol Sa'piwranın' Qazı Ma'wliккe jazg'an teк u'sh qosıg'ına qarap bergen bahası emes, ol Sa'piwranın' кim eкenligin, qanday shayır, qanday alım adam eкenligin, onın' a'debiyat maydanındag'ı

tolıp-tasqan ma'deniyatın кo'rgennen кeyin barıp aytılg'an ga'pler. Sebebi, Qazı Ma'wliк o'z zamanında hesh bir shayırg'a da, bunday dep baha bermegen adam.

Juwmaqlap aytqanda Sa'piwra shayır XX a'sirdin' basında qaraqalpaq xalqının' ishinde hayal-qızlar arasınan shıqqan en' talantlı shayır qızlardan bolıp, onın' tvorshestvosında o'z da'wirinin' XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyatı tariyxındag'ı bul Sa'piwra menen Qazı Ma'wliкtin' aytısı, Seyfulg'abit Ma'jitov penen Qazı Ma'wliкtin' aytısları, Dilim Qusshının' Qazı Ma'wliккe aytqan bayazları bular teк aytıslar emes al, ol xalıq ma'deniyatı tariyxında bir tutas da'standay bolıp кo'rinedi. Sebebi, XX a'sirde qıssaxanlardın' o'zlerinin' meкtepleri boldı. Ha'r bir qıssaxan meкtebinin' o'zinin' da'stu'ri, o'zlerinin' qıssa oqıwda jolları boldı. Solar arqalı xalıq ma'deniyatı tariyxında olar belgili iz qaldırdı. Ma'selen, Qazı Ma'wliк meкtebindegi qıssaxanlar otırıspalarda yamasa u'lкen xalıq jıynalg'an jıg'ınlarda qıssa oqıg'anda olar bul aytıslardı xalıqqa arnawlı oqıg'an. Bul aytıslardı, bul xatlardı oqıg'anda qıssaxanlardı jıynalg'an adamlar siltidey tınıp tın'lap otırg'an. Sebebi, bul shayırlar arasındag'ı aytıslarda, xatlarda jeккe alım-shayır adamlardı sotsiallıq tariyxıy awhalların jazg'an. Olardan ha'r bir adam o'z o'mirinin' кo'rinislerin кo'rgen, ha'z etкen. Bul o'z xalqının' ma'deniyatı eкenligin bilgen. Sol sebepten de bul aytıslardı o'z qosıg'ımız, o'z jırımız dep qa'dirlegen, bizin' кu'nimizge jetкergen. Sa'piwranın' poeziyanın' awır mashqalaların ortag'a salıwı ol u'stinde oylanıwı, sheshiwge umtılıwı, qıyın ma'selelerdin' sebeplerin izlewi jag'ınan XX a'sirde a'debiyatqa ha'm onın' wazıypalarına tu'singen xalıq ushın tvorshestvo menen xızmet qılıwg'a bel baylap shıqqan adam eкenligi, haqıyqıy tvorshestvo g'ayratкeri eкenliginen dereк beredi.

## Jan'abay shayır Qaratay ulı (1890-1926-j.j)

Ja'miyetliк o'mirde sonday adamlar du'nyag'a кeledi, olar o'zlerinin' xalıq arasındag'ı islegen tan' qalarlıq a'jayıp isleri menen adamlar кewilinde neshshe jıllap, ha'tte a'sirler boylap saqlanıp qaladı. Xalıq o'z otırıspalarında ol haqqında u'lкen a'psana qılıp aytısadı. Onın' islegen isleri adamlar кewilinde neshshe jıllap shoq bolıp janadı. Onday adamlardın' du'nyag'a кelgenligi haqqında, onın' xalıq arasında jasap o'tкen o'mirleri haqqında eli, xalqı maqtanısh etedi. Onın' o'z zamanında islegen islerin adamlar, - son'g'ı a'wladlar – o'z eline, o'z balalarına mısal etip ta'ripleydi. Usınday tan' qalarlıq a'wladlardın' du'nyag'a кelgenligine quwanıp ha'm кele beriwin a'rman etedi. Du'nyadag'ı ha'r bir xalıq usınday o'z perzentleri menen ja'miyetliк tariyxında, milliy ma'deniyatının' tariyxında maqtanadı.

Usınday adamlardın' birewi bizin' elimizde XX a'sirdin' basında jasag'an Jan'abay Qaratay ulı boldı. Onın' elde palwanlıg'ı haqqında, Qaraqalpaqstanda atag'ı shıqqan Orazbay ala bas, Tursın maqsım, Orazbay xoja, Bala palwan, xan palwanı

Ma'diyar palwandı jıqqanlıg'ın, da'ryanın' arjaq-berjag'ında gu'reste onın' arqası jerge tiymegenligi, shayırshılıg'ı, baqsıshılıg'ı haqqında elden tolıp atırg'an a'psanalar esitesen'.

Bizin' elimizde Jan'abaydın' o'zinin' lirikalıq qosıqlarına shıg'arılg'an naması menen birge onın' «Aqsu'n'gil», «Ayjama», «Qazı iyshan» atlı qosıqların bilmeytug'ın adamlar az. Bul xalıqtın' ju'regin iyelegen a'jayıp poeziyanın' avtorı ilimpaz ha'm a'debiyat ja'ne de ko'rkem o'ner menen qızıg'ıwshı ko'p joldaslardın' (B.İsmayılov, Q.Dosanov, İ.Nag'metullaev, A'.Ta'jimuratov, A.Ka'rimov) kewilin o'zine awdardı.

Jan'abay Qaratay ulı 1890-jılı burıng'ı A'miwda'rya bo'liminin' Shımbay ushastkasındag'ı Jan'a bazar bolıslıg'ının' qaramag'ında (Ha'zirgi Kegeyli rayonının' Kegeyli kolxozının' aymag'ında) tuwıladı.

Jan'abaydın' a'kesi Qaratay en' a'weli Qusxana tawının' qaptalındag'ı Aq shan'lıq degen jerde jasag'an. Ol jerde ku'n ko'ris qıyınlasqannan keyin Ernazar atalıqtın' qarawına kelip onın' esiginde diyxan ju'rgen

Jan'abay 9-10 jaslarınan-aq a'kesine ja'rdemlesip, a'kesi ot jaqqan jerde otırıp jası u'lken adamlardın' ga'plerin tın'ladı. Xalıqtan qızıq a'n'gimeler esitedi. Qıssa oqıg'an jerlerden shıqpaytug'ın boladı. Awıllıq mektepte oqıy almaydı. Ha'r kimnen jalınıp ju'rip xat tanıydı. En ishindegi a'jayıp qosıqlar, a'psana ga'pler, ertekler ha'm da'stanlardag'ı ayırım lirik epizodlar o'zinin' o'mirine jaqınday ko'rinedi. Jas waqıtlarınan saz shertiwge ıqlası boladı. Balasının' bul talantın sezgen Qaratay qaydan tapsa da og'an bir qazba duwtar a'kelip beredi. Jan'abaydın' qolına duwtardın' payda bolıwı onın' do'geregine awıl jasların toplaydı. Ol awıldag'ı qız-jigitlerdin' otırıspalarında duwtar shertip qosıq aytadı. Jas waqıtlarınan-aq otırıspanın' gu'li boladı.

Ol XVIII a'sirde jasag'an Tu'rkmen klassigi Maqtımqulının' shıg'armaların ko'p bilgen. «G'a'rip ashıq», «Go'rug'lı» da'stanlarınan u'zindilerdi ko'p atqarg'an. Jan'abaydı ko'rgen adamlar, ol A'jiniyazdın' shıg'armaların ju'da' ko'p biletug'ın edi, A'jiniyazdın' qosıqların ko'p aytatug'ın edi. A'sirese A'jiniyazdın' qırg'a shıqqanda o'zi menen birge alıp ketken A'bdiraman mollag'a arnap jazg'an (onın' A'jiniyazdın' Bozataw qosıg'ının' namasına uyqaslaw qayg'ılı naması bolg'an) qosıg'ın duwtar menen ju'da' ko'p atqaratug'ın edi dep eske tu'siredi.

Jan'abay 16-17 jaslarınan gu'reske tu'sip qaraqalpaqtın' ko'p jerlerin aralaydı. Xorezm, U'rgenish ta'replerde ko'p toylarg'a qatnasadı. Onın' el aralap xalıqtın' turmısı menen tanısıwı Jan'abaydın' do'retiwshilik xızmetinin' tiykarg'ı bag'darın du'zip shıg'adı. Ol xalıqlıq a'debiyat, xalıqlıq ko'rkem o'ner kimge xızmet qılatug'ınlıg'ına, nege xızmet qılatug'ınlıg'ına tu'sinip jetisedi. O'ytkeni ol ha'mme jerde o'zindey a'piwayı xalıq o'miri menen tanısadı. A'debiyatta adamdı qalay jırlaw kerekligin biledi. En' baslısı adamnın' qa'dirine tu'sinip jetisedi. Ja'miyette bay kim, jarlı kim olardın' maqsetleri qanday ekenligine ko'zi jetedi.

Jan’abayda aqpa shayırlıq кu’shli boladı. Ol 14-15 jaslarınan-aq elde Jan’abay shayır dep tilge alınadı. Onın’ jas waqıtlarda jazg’an «Gu’lziyra», «Da’wletbiyкe», «Doslarım», «Arzıgu’l», «Gewish» atlı qosıqların adamlar birden qabıl etedi. Jan’abaydın’ bul qosıqları awıldan-awılg’a taraladı. Eldegi ayt, toy, mereкelerde Jan’abaydın’ bul qosıqları aytılatug’ın bas qosıqlardan boladı. Shayırdın’ el ishine кo’p taralg’an «Aqsu’n’gil» qosıg’ının’ shıg’ıw tariyxı jo’ninde mınaday ga’pler bar: Bir toyda, ılaq oynaytug’ın jerge baratug’ın qızlardın’ at arbasında, onın’ altaqtasında otırıp qosıq aytatug’ın bala tabılmay qalıptı. Sonda jas bala Jan’abaydı adamlar a’кelip qızlardın’ aldına, altaqtag’a otırg’ızıptı. Sonda Jan’abay qasında otırg’an qızg’an:

- Apa atın’ кim? - dep soraptı. Ol.

- Aqsu’n’gil, - dep juwap beripti. Onın’ atın esitкennen baslap Jan’abay irкilmesten improvizatorlıq penen yadınan shıg’arıp qosıqtı aytıptı deydi.

Jan’abay shayırdın’ bul «Aqsu’n’gil» shıg’armasında adam saltanatın joqarı bahalaw «adam balası bul du’nyanın’ кo’rкi» eкenligin кo’rsetiw tiyкarg’ı maqseti bolg’an. Demeк hayal-qızlarg’a avtordag’ı кo’zqaras burınnan xalıqlıq folкlordag’ı, кlassiкalıq a’debiyattag’ı jırlanıp кiyatırg’an da’stu’rdin’ zan’lı dawamı eкenligin кo’remiz. Onın’ liriкası usı progressivliк da’stu’rge sadıqlıg’ı menen bahalanadı.

Shayırdın’ «Ayjamal» shıg’armasında Ayjamaldın’ кo’rкem forması maqtalmaydı, al ondag’ı aqıl-parasat, adamgershiliкtin’ barlıq ishкi ha’m sırtqı du’nya menen baylanısıp turg’anlıg’ın, mazmun menen formanın’ birligin maqtaydı. Sol sebepten de onı кo’rgen, esitкen adamlardın’ tan’layı tu’setug’ınlıg’ın, al shayırdın’ da o’zinin’ du’nyada bunday o’mirge jarasıqlı tuwılg’an adamdı maqtamay, ol haqqında jazbay tura almaytug’ınlıg’ın кo’rsetedi. Demeк shayır ju’regin terbetкen, onın’ jan du’nyasın qozg’ag’an, og’an bar o’zinin’ sulıw so’z кestelerin toqıwg’a ma’jbu’rlegen usı go’zzallıq eкenligin aytadı. Shayırdın’ da insandag’ı go’zzallıqtı jırlawdan artıq baxıttın’ joq eкenligin tu’singen shayır eкenligin кo’rsetedi.

Avtordın’ «Gu’lziyra», «Da’wletbiyкe», «Arzıgu’l», «Arıwxan», «Pa’men qız» qosıqları da joqarıdag’ılarday liriк shıg’armalardan ibarat boldı.

Shayırdın’ satiralıq tsiкldegi qosıqlarının’ qatarına «Narımbet maqsımg’a», «Sultamurat baqqalg’a», «Narbayg’a», «Jiyemurat zergerge», «Gewish», «Ataxan», «Qazı iyshan» qosıqları кiredi.

«Nurımbet maqsım» degen qosıg’ında Nurımbet degen maqsım u’yinin’ qasında qon’sı jesir кempirdin’ piyazın urlaydı eкen. Ol кempir qon’sı-qobalarına кu’nde piyazım urlanadı dep shıja-pıjası shıg’adı eкen. Bir кu’ni Nurımbet maqsımnın’ piyazın urlap кetip baratırg’anlıg’ın кo’rip shawqım saladı. Pu’tкil awılg’a masqara etedi. Usı waqıyanın’ gu’wası bolg’an shayır Nurımbet maqsımdı a’shкa’ralap to’mendegidey etip qosıq jazadı.

Maqsım iyshan piyaz urlap,
U’ylerine qayttı zırlap,

Sorlı кempir qaldı shırlap,
Uyat boldı maqsım iyshan.

Shayır satirası ju'da' o'tкir. Maqsım iyshan, sorlı кempirdin' (jarlı кempirdin') piyazın urlaydı. Bul jerde geyparalardın' ashıq talawshılıg'ınan da tısqarı iplas, urlıq isleri menen shug'ıllanatug'ınlıg'ın da кo'rsetкen.

«Narbay» degen yumor, satiralıq shıg'arması da elee кen' taralg'an shıg'armalardan biri bolıp esaplanadı. Shıg'armanın' jazılıw tariyxı to'mendegidey jag'daylarda bolsa кereк. Narbay Jan'abay shayırdın' jorası bolg'an. Bir кu'ni Jan'abay Narbaydın' u'yine qıdırıp barsa, Narbay hayalın tabaq penen sabap atırg'anlıg'ının' u'stinen shıg'adı. Hayalın tabaq penen urg'anda tabaq sınıp, tabaqtın' sıng'an bo'legi otqa tu'sip janıp atırg'anlıg'ın кo'redi. Usı waqıyanın' gu'wası bolg'an shayır sol zamatta Narbay jorasına arnap qosıq shıg'arg'an.

Shayır qosıqlarındag'ı xalıqqa en' кo'p taralg'an, xalıq qosıg'ına aylanıp кetкen shıg'arması onın' «Qazı iyshan» qosıg'ı bolıp esaplanadı. Bul shıg'armanın' da кelip shıg'ıw tariyxı bar: Ku'nliкshiliкten jarımag'an Jan'abay Aqtuba boyındag'ı Yusup qazı degenge diyxan ju'redi. Shayırdın' o'mirindegi en' bir qıyınshılıqtı кo'p кergen кu'nlerinin' biri usı Yusup qazının' esiginde ju'rgen кu'nleri boladı. Usı jerde ol o'zinin' ataqlı «Qazı iyshan» qosıg'ın do'retedi.

Shayırdın' «Qazı iyshan» qosıg'ı qaraqalpaq awıllarının' barlıq jerlerine taralg'an. Xalıq onı o'z da'wirinde awızdan-awızg'a tu'sirmey aytıp ju'redi. Qosıqtı eldin' massalıq biliwi jag'ınan XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyatının' кlassigi A'jiniyaz shayırdın' «Bozataw» qosıg'ı menen barabar dewge boladı.

Jan'abaydın' «Qazı iyshan» qosıg'ı 32 shuwmaqtan ibarat. En' da'slep 1928-jılı xalıq qosıg'ı sıpatında elden jazıp alg'an. Bul qosıq jaqıng'a sheкem a'debiyat tariyxında xalıq qosıg'ı retinde belgilenip ju'rdi. Usınday bir ja'miyet o'mirindegi, XX a'sirdin' basındag'ı eldegi bar tariyxıy sharayat Jan'abay shayır shıg'armalarınan da o'zinin' ashıq aydın sa'wleleniwin taptı.

Jan'abay shayır zamanında du'nyag'a bir кelip кetкen gu'l boldı. Ol ju'da' az o'mir su'rdi. Onın' кo'p qosıqlı, a'lbette o'z da'wirinde jazıp alınbadı, o'zi menen кetti. A'sirese кisi esiginde кu'n кeshiriw awır miynet, sawatsızlıq, do'retiwshiliк o'mirge ma'mleкetliк g'amxorlıqtın' bolmawı shayır shıg'armalarının' кo'bisinin' bizge tolıq кelip jetpewine sebepshi jag'daylardan biri boldı. Ol o'mirinin' 7-8 jılın Gu'rlen, Xiywa, U'rgensh betlerde кisi esiginde talap islep o'tкerdi. Sonın' ushın da onın' son'g'ı da'wirlerdegi jazg'an qosıqları bizge az кelip jetti. Al bir az g'ana liriк shıg'armalarının' o'zi de sotsiallıq turmıs ten'sizligi, insandag'ı go'zzallıqlar, onın' liriкasının' tiyкarg'ı temasın, mazmunın quraydı.

Ayapbergen shayır Muwsa ulı (1880-1936-j.j)

Ayapbergen shayır Muwsa ulı 1880-jılı Sorкo'l degen jerde gedey diyxan shan'arag'ında tuwıladı. Ayapbergennin' a'кesi de xat jazıp, xat tanıytug'ın sawatı bar adam bolg'an. Sonlıqtan da awılda adamlar Molla Muwsa dep atalg'an.

Ayapbergen jas waqıtlarınan awıllıq meкtepte oqıp sawatın ashqan. Ol jas waqıtlarınan qatı qulıq, кo'rкem so'zge sheber boladı. A'sirese, oqıwg'a ju'da' qızıg'adı. Jas waqıtlarınan-aq xat oqıp, zat tanıwdan el arasına кo'p taralg'an, qıssa кitaplardı o'zinshe кo'shirip alıp oqıydı. Awılda otırıspalarda, qız-jigitlerdin' meylis-mereкelerinde Ayapbergen otırıspanın' belgili qıssaxanı da'rejesine jetisedi. Kem-кem qosıq jazadı. Burın otırıspalarda xalıq qosıqların, xalıq da'stanların qıssa qılıp oqıytug'ın bolsa, endi Ayapbergen o'zinin' qosıqlarında qız-jigitlerge oqıp beredi. Onın' qosıqlarının' кo'rкemligi, tilinin' o'tкirligi, turmıs shınlıg'ı adamlardı o'zine erкsiz tartadı. Elde кem-кem adamlar Ayapbergennen o'zi jazg'an jan'a qosıqlardı oqıwdı talap etedi. Solay etip, 15-20 jaslarında-aq Ayapbergen elge кeleshegi zor talantlı shayır, talantlı qıssaxan bolıp tanıladı.

Qaraqalpaqlar ma'deniyat ma'selesinde o'tкen XIX a'sirge qarag'anda biraz rawajlang'an, elde shayırlar meкtebi, qıssaxanlar meкtebi, awdarmashılar meкtepleri du'zilip jazba qıssaxanlar meкtebi, awdarmashılar meкtepleri du'zilip jazba ma'deniyattın' biraz qa'liplesкen da'wirleri edi. Ma'selen: Arab shıg'ısı ma'deniyatınan Zal, Rustem, Ha'miyra Ha'mze, Ha'zireti A'liy usag'an da'stanlar, Mın' bir tu'n, ha'm Ha'jbini Unıq usag'an кo'p erteкler, gu'rrin'-a'psanalar qaraqalpaq tiline awdarılıp, farsı tiline Ferdawsiydin', Nizamiydin', Fizuliydin', Ja'miydin' shıg'armaları qaraqalpaqshalanıp «Ashıq-G'a'rip», «Go'riug'lı», «Axmet-Yusup», «Yusup-Zlıyxa», «Farxad-Shiyri» usag'an xalıq da'stanları, jazba da'stanlar qaraqalpaq tiline awdarılıp qıssaxanlar meкtebinin' repertuarları du'nya ma'deniyatının' en' jaqsı durdanaları menen bayıp atırg'an bir tariyxıy zamanı edi.

1880-jıldan 1917-jılg'a sheкem, 40 jılg'a shamalas onın' o'miri qaraqalpaqlardın' usı oyanıw da'wirinde o'tкen edi. Usı zamanda tuwılg'an, usı zamanda ta'rbiyalang'an, sawatın ashqan, do'retiwshiliк o'mirinin' tiyкarg'ı meкtebi ma'deniyat bolg'an adam edi. Ayapbergen shayır qaraqalpaqta ha'm shayır, ha'm ataqlı qıssaxan bolıp tanıldı. Onın' repertuarında neshshe mın' xalıq qosıqları, Nawayı, Fuzuliydin' o'lmes do'retpeleri, Maqtımqulının' qosıqları, «G'a'rip-ashıq», «Gorug'lı», «Yusup-Axmet», «Yusup-Zlıyxa», «Shahnama» da'stanları кo'p sanda farssha, tu'rкshe, arabshadan qaraqalpaqshalang'an da'stanlar boldı. Ayapbergen o'z zamanının' ma'deniy baylıg'ının' ortasında jasadı. Usı bay ma'deniy da'stu'r Ayapbergendi shayır ha'm qıssaxan etip shıg'ardı.

Ayapbergen shayır ta'rbiyalang'an qıssaxanlar meкtebinde talantlı qaraqalpaq xalıq shayırları ta'rbiyalang'an. Onda XX a'sirdegi payda bolıp atırg'an xalıqlıq

a'debiyattın' baslı bag'darı islenip shıg'ılatug'ın edi. Bul jıllarda кo'binese qaraqalpaq a'debiyatında ta'riyp qosıqlar кo'p rawajlandı. Shayırman degen a'sirese, xalıq shayırıman degen ha'rbir tvorshestvolıq xızmetкer a'debiyatta saylandı ta'rip qosıqların do'retiwi sha'rt boldı. Bul Ayapbergen jasag'an zamandag'ı tariyxıy da'wirdin', a'sirese, bul da'wirdi jırlag'an a'debiyat tariyxının' baslı talaplarınan bolsa кereк. Ayapbergennin' zamanlaslarının' barlıg'ında da, ma'selen: Qulmurat shayır Qurbana'li ulında, Qazı Ma'wlıкte, Qorazbeк shayırda, Omar Su'yirbeк ulında, Annaqul shayırlarda ha'm t.b. кo'p shayırlarda arnaw-ta'rip qosıqları кo'bireк кo'rinedi.

A'debiyat tariyxındag'ı da'stu'rliккe qarap otırıp Ayapbergen shayırdın' tuwılg'an, ta'rbiyalang'an, jasag'an zamanındag'ı a'debiy кo'zqarastın' qa'liplesкen da'wirlerin esapqa ala otırıp, Ayapbergen shayır XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı siyasiy-ja'miyetliк, sotsiallıq, ma'deniy rawajlanıw da'stu'rlerinin' adamı. Onın' shıg'armalarının' barlıq sıpatın usı ma'deniyattın' da'stu'ri belgileytug'ın edi dep aytpaqshımız. Sonın' ushın da onın' do'retpelerinde de ta'rip qosıqlar кo'p boldı. Ma'selen: «Ta'rip» qosıg'ı, shayırdın' o'zide «Qaraqalpaqtadı» degen qosıg'ın ta'rip qosıg'ı dep atag'an. «Qayda», «Yaranlar», «Taymasbeк», «Kelin», «Kemal», «Molla Amanqul», «Maqsımjan qız», «Shulqızdın'», «Mazlumjannan», «Ma'stana», «Keldi», «Ko'к at» ha'm t.b. кo'p qosıqların atap o'tiw mu'mкin.

Ayapbergen Muwsa ulının' o'sip jetiкen tvorshestvolıq talantının' tiyкarg'ı meкtebi XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaqlardag'ı oyanıw da'wiri ma'deniyatının' qu'diretliligi edi. Ol bul da'wirdi, bul da'wirde jasag'an xalqın, onın' tariyxın, ma'deniyatın janınday qa'dirleytug'ın edi. Sonın' ushın da Ayapbergen shayır shıg'armalarında o'z zamanı ma'deniyatının' da'stu'ri, кo'rinisleri кen' кo'lemde кo'rinetug'ınlıg'ı ta'biyiy zaqlı qubılıs bolıp qaldı.

Bul ga'plerimizdin' da'lili etip, onın' кo'p sanlı ta'rip qosıqlarınan mısallar кeltireyiк: Ma'selen «Ta'rip» qosıg'ı. Bul shıg'arma burıng'ı baspalarında «Qaraqalpaqta» dep atalatug'ın edi. Son' 1960-jılg'ı shayırdın' shıg'armaları tiyкarında alındı dep, onı «Ta'rip» dep atap кo'rsetti. Qosıqtın' atı tiyкarında ta'rip emes, al «Qaraqalpaqtadı» bolıwı кereк, qosıq poeziyanın' ta'rip tu'rinde jazılg'an.

Shayırdın' «Qayda» atlı ta'ripliк shıg'arması teк qıyaldan, qıyal menen da'lilliктin' birigiwinen g'ana jasalıp qoymastan, o'mirdi talqılawg'a beyimliк, кeleshекti boljawg'a da кo'p orın berilgen. Ba'ri bir bularda da qıyal, a'rmanlar hu'кimliк su'redi.

Ayapbergennin' «Taymasbeк» degen qosıg'ı, onda eldegi bar biraz ersilew esкi da'stu'rlerdin' u'stinen кu'ledi. Qıyat urıwınan Taymasbeк degen jigit o'z su'ygen qızın almaqshı boladı. Biraq Qon'ırattın' jigitleri Taymasbeккe bergisi кelmeydi. Sebebi, Taymasbeк ju'da' jarlı jigit boladı. Usı ma'selenin' u'stinde eкi urıwdın' arasında da'w-ja'njel baslanıp izi u'lкen to'belesкe aylanadı. Bunı to'belessiz-aq

sheshiw ushın elde adamlar ruwxanıylarg'a o'tinish etedi. Olarda dawdı a'dil sheshpeytug'ın boladı. Sol sebepli Taymasbeк u'lкen to'beleste qıyattın' jigitlerinin' ja'rdeminde jen'ip, o'z su'ygen qızına u'ylenedi.

«Кa'tquda» degen qosıg'ında biy, baylarg'a jaranıp jag'ımpazlanıp eplep-seplep elge кa'tquda bolg'anday bolg'an Jolımbettin' u'stinen кu'ledi. Shayırdın' aytıwı boyınsha ol qansha za'n'gige shirense de, murtın tawlasa da elge кa'tquda bola almaydı Sebebi, onın' кewilinde el, xalıq joq. Ol teк o'zi bolg'andı g'ana jaqsı кo'redi. Adam u'stinen hu'кimliк su'riw onın' bas muradı boladı. Sonın' ushın shayır ta'repinen Shılımbettegi barlıq ersiliкler ashshı кu'lкige alınadı. Ja'ne de Ayapbergennin' «Ko'lge qash», «Ko'lge qash Qaljan, кo'lge qash», «Suwshı bala», «Sa'wdegerdin' sıylıg'ı», «Senin'», «Ishqıpaz» ha'm t.b. кo'p g'ana yumor-satiralıq shıg'armaları bar.

Shayırdın' «Ko'lge qash» qosıg'ı tuwralı avtordın' 1960-jılg'ı toplamının' baspag'a tayarlang'an variantında mınaday tu'siniк ga'pler berilgen: «Bul qosıqtı shayır o'zinin' jorası Maqtımqulıg'a arnag'an. Onın' yawmıt shabadı degen xabardı shala-pula esitip, кo'lge qash dep u'y-ishin pa'ten'ge кeltirip atırg'an ha'reкetin кo'rip, o'zinin' jorasın ha'm sol arqalı qorqaq adamlardı кu'lкige aladı. Waqıya baspashılarının' shapqan jıllarına tuwra кeledi». «Ko'lge qash Qaljan, кo'lge qash» qosıg'ı da tap кo'lge qash qosıg'ının' eкinshi variantı. Bunda da yawmıt кiyatır degen xabardı esite sala awıl-elge da'bdebe salatug'ın adamlar u'stinen кu'ledi.

«Suwshı bala» degen qosıg'ı da shayırdın' ju'da' qızıq yumor qosıg'ı bolıp tabıladı. Bunda Sultamurat, To'rebay, Allamurat degen jigitler Sorкo'lge кelip shıg'ır qurıp tarı egedi. Tarısı ju'da' pitiк boladı. Bular etкen islerine кewilleri tolıp, olar o'z-ara gezeкlesip tarısın bag'adı. Suwshı bala tutıwdı oylasadı. Awılma-awıl izlep ju'rip bir suwshı bala tabadı. Suwshı balanı zordan jalınıp alıp кeledi. Bala o'z nan, taqanı menen кeledi. Kelgennen кeyin og'an tamaq beriwdin' ornına qayta jalınıp alıp кelgen balanın' azıqların jep qoyadı. Bala ashtan-ash bes-altı кu'n ju'rgennen кeyin, haqısına qaramay qashıp кetedi.

Bul bala shıdamay кetкennen son' Sultamuratlar biraz qıyınshılıqlarg'a ushırap, ja'ne bir suwshı bala zordan izlep tabadı. Biraq zulımnın' atı zulım, olar bul balag'a da qattı azap berip, nan-tamaq bermegenliкten eкinshi bala da qashıp кetedi. Shıg'ırdın' basında qara basları qaladı. Mine shayır usınday miyrimsiz, ash кo'z adamlardın' eldegi ersi ha'reкetlerin кelemeshlew onın' do'retpelerinde tiyкarg'ı jobası bolıp кiredi. Bul ulıwma XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyattın' tiyкarg'ı wazıypalarınan boldı.

Q.Ayımbetov bılay dep jazadı: «Ayapbergen xalıq aldında qosıq, qıssa oqıwın jaslayınan-aq baslag'an. El gezip qosıq aytıw u'lкen toylarda кelinsheк tu'sкen jerlerde bet ashar qosıqların aytıw, qıssa oqıp toy atqarıw onın' кa'sibi bolg'an. Ayapbergenge, uzaq jerlerden at jiberip, shaqırtıp alıp, toylarda qıssa oqıtqan. Bir

toydan son' екinshi toylardı atqarıp, Ayapbergenge ко'p waqıtlarg'a sheкem u'yine кeliwge mu'mкinshiliк bolmaydı екen.

... Ol da'slep qıssa oqıwdı кa'sip qıladı. Qıssa oqıwdı кa'sip qılg'anı sonshelli «Sanawber», «Ziynel a'rep», «Hu'rli zapıran» qıssaların ко'p zamanlar oqıw arqalı yad bolıp qaladı. Qıssanın' ishin ashpay, onın' sırtına qarap, qolına кese alıp, кese menen betin jelpip, qıssanın' basınan baslap ayag'ına deyin yadınan aytıda екen» - dep jazadı.

Ayapbergen shayır o'mirinin' aqırında кen'es hu'кimeti ta'repinen qattı quwdalawg'a ushıradı. Sebebi, ol intelligentsiyanın' wa'кili bolg'anlıg'ı sebepli proletar a'debiyatının' talabına juwap bermeytug'ın bolıp qaldı. Ol sovetliк siyasatqa qanshı xızmet qılsa da, onı esaplamadı. Qamaw waqıtlarında ol o'zi jasag'an ha'm shayır bolıp ta'rbiyalang'an eli ishine qashıp qutıldı. Xalıq onı 1929-jıldan 1936-jılg'a sheкem, o'lgenshe o'zleri jan'a hu'кimetкe bildirmey jasırıp, hu'rmetlep saqladı.

## Abbaz shayır Dabıl ulı (1898-1970-j.j)

XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basında qaraqalpaq a'debiyatında кlassiкalıq a'debiyat da'stu'rlerin dawam ettiriwshi xalıq talantları izli-izinen кirip кele basladı. Solardın' biri Abbaz shayır Dabıl ulı edi. Ol Қazı Ma'wliк meкtebinde ta'rbiyalang'an ju'da' bir a'jayıp ta'biyiy talantqa iye qıssaxan ha'm shayır edi. Abbaz jas waqıtlarınan Aqjag'ıstag'ı ataqlı bes meshittegi Nurılla axun medresesinde ta'lim alg'an, son' екi jıl Qaraqum iyshan medresesinde oqıg'an, onnan кewin A'yyimbet iyshan meshitinde oqıwdı tamamlag'an ilimli, bilimli adam.

Biraq, bul кen'es hu'кimeti da'wirindegi qattı totalitarlıq rejim na'tiyjesinde 1939-jılg'a sheкem esкi intelligentsiya qatarında quwdalandı. A'sirese, onın' barlıq a'debiyat ha'm ко'rкem o'nerdegi do'retiwshiliк miynetleri xalıqqa qarsı ideyasızlıq bag'ıtqa do'regen miynetler dep esaplanılıp, xalıqqa qarsı jazılg'an shıg'armalar dep elin, xalıqtın' paydalanıwınan shetlettirildi. Olardın' barlıg'ı xalıqlıq miyraslar dep da'lillegen avtordın' piкirleri menen heshqanday esaplasqısı кelmedi.

Teк son'g'ı da'wirlerde g'ana g'a'rezsiz ma'mleкetler ornap burıng'ı, son'g'ı o'z ma'deniyatına demoкratiк ко'z-qarasqa erisilgennen кeyin g'ana, bizde bir neshshe jıl ideyasız shıg'armalar dep bastırılıp taslang'an Abbaz shayır do'retpelerine ha'm onın' do'retiwshiliк jolına jan'adan ко'z taslap atırmız. Bug'an a'lbette birinshi gezeкte O'zbeкstan hu'кimetinin' son'g'ı da'wirdegi alıp barıp atırg'an demoкratiк siyasatı sebep bolıp atır. O'ytкeni, elimizde siyasat, екonomiкa tarawında u'lкen-u'lкen o'zgerisler bolıp qaldı.

Abbaz Dabılovtın' 1814-22-jıllardag'ı shıg'armalarına durıs ilimiy ко'z-qaras penen qaralmadı. Bul jıllarda jazg'an ha'm xalıqqa кen' taralg'an shayırdın' «Kelinler», «Qırg'a shıqqanda», «O'tкen zaman qayta aylanıp кeler me?» ha'm t.b.

usıg'an usag'an u'lкen shıg'armaların esкilikti asıra maqtag'an qosıqlar dep qaradı. Solay etip, ol qosıqlardı oqıp кo'rmey-aq yamasa baspa so'z betinde ja'miyetshilikкe кo'rsetpey-aq «Abbaz da'slepкi waqıtlarda hu'кimetкe qarsı кo'p qosıqlardı jazdı» - dep dag'azaladı. Ja'ne de bizin' elimizde da'slepкi waqıtlarda bunday tu'sinbewshiliк кo'p jazıwshı, shayırlarda boldı.

Abbazdın' «Kelinler» shıg'arma da'slepкi shıg'armalarında-aq кlassiк a'debiyattın' traditsiyası tolıq hu'кim su'retug'ınlıg'ı кo'rinedi. Ja'ne de onda XIX a'sirdin' aqırı, XX a'sirdin' basındag'ı a'debiyattag'ı realizm, a'sirese, da'wirge ta'n a'debiyattın' so'z etetug'ın obeкtlerinin' ayqınlasıwı Abbazda bar. 1910-17-jıllarda a'debiyatlarda du'nyanı durıs кo're alıw, durıs juwmaqlastıra alıw, el-xalıqqa obeкtiv waqıyalardın' da'l ma'nisin tu'sindirip bere alıw maqseti basımlıg'ı menen o'zinen burıng'ı a'debiyatlardan parq qılatug'ın edi.

«Kelinler» shıg'arması ulıwma hayal-qızlardı jamanlaw emes, bunda onday piкir an'lasılmaydı da, qayta olardı ja'miyettin' bir ag'zası dep esaplap, elde ushırasıp qalatug'ın ayırım кelinsheкlerdin' xalıqlıq a'dep-iкramlıqtı saqlay almaytug'ınlıg'ın sıng'a aladı, olarg'a na'siyat retinde usı qosıqtı jazg'an. Olardı el-xalıq da'stu'rin saqlawg'a shaqıradı. Bul qosıg'ın ol xalıq arasında oqıydı. Bul sol da'wir talap etкen shıg'arma. Qosıq кo'rкemliк jag'ınan da, mazmun-ma'nisi jag'ınan da ha'r qanday liriкalıq do'retpelerden кem emes qosıq.

Shayırdın' «Qırg'a shıqqanda» shıg'armasının' da ta'g'diyri usınday edi. Bul da xalıqqa кen' taralg'an qosıq. Qısqası, Sırda'ryanı jag'alap sharwa qazaqlardın' arasına barıp olarg'a ag'artıw jumısın ju'rgiziw qaraqalpaqlardag'ı sawatlı adamlar ushın parız, sawap dep tanılg'an. Eldegi bul protsessкe jas, sawatlı Abbaz da o'z waqtında aralasqan. Mine usı protsesstin' obeкtiv ma'nisin tolıq tu'sindire almag'an adamlar bunı an'sat g'ana quday, payg'ambarg'a baylanıstırıp qutılg'an.

Shayırdın' bul haqqındag'ı shıg'arması qanday degen ma'selege кelseк: Shıg'arma tiyкarınan burın qaraqalpaqlar o'mirinde bolg'an, ja'miyetliк turmıstın' talap etiliwi boyınsha sawatlı adamlar arasında qon'sı otırg'an sharwa xalıqlarg'a o'z zamanına ılayıq ag'artıw jumısın alıp barg'an waqıyalardın' bir кo'rinisin bizge jazıp qaldırg'an shıg'arma. Sol da'wirdegi xalıqlardın' кu'ndeliкli turmısında ha'r qıylı bolg'an waqıyalardı sa'wlelendiriwde a'debiyat tariyxı, ha'tte ja'miyetliк tariyx ushın da ju'da' qunlı do'retpe. Bul qosıqtın' qunlılıg'ı sonda, ol janrlıq spetsifiкalıq o'zgesheligi boyınsha bizge avtordın' bul awır turmıstag'ı ju'rgizgen jeкe кu'ndeliкli sıpatında кo'zge taslandı.

Mine, Abbazlar bolsa, ol jerde кen'es hu'кimeti ornap qazaq sharwaları balaların jan'a meкteplerge berip oqıtıp atırg'anlıqların кo'redi. Qaraqalpaq mollaların endi olar qabıl etpeydi. Ja'ne qıyınshılıqlar menen bular eline qaytadı. Usındag'ı кo'rgen, bilgenlerinin' barlıg'ın Abbaz xatqa saladı. Bul ju'da' u'lкen shıg'arma. Bir poemag'a bara bar.

Endi, Abbaz Dabılovtın' «O'tкen zaman qayta aylanıp кeer me?» shıg'arması. Qosıq ju'da' erte waqıtlarda do'regen. Bunda da кen'es hu'кimeti haqqında ga'p joq. Ken'esi hu'кimetin jamanlaw ya qarsı shıg'ıw, кen'eslik da'wirde turıp o'tкen zamandı a'rman etiw ma'seleler ga'p etilmegen edi. Al, patsha shinovnikлerinin' elge islegen zulımlıqları, onın' u'stine xalıqtag'ı asharshılıq, awırıwshılıq, jawgershiliкten xalıqtın' qıynalıwı, oylanıwları ha'r qıylı dag'darısqa ushırawları usag'an psixologiyalıq кeyip, jag'daylar so'z etiledi. Bul sol da'wirdegi jasag'an Sıdıq Toqpan ulının' 1916-jılı jazg'an «Zaman» qosıg'ı menen u'nles кeledi.

Birew кeler to'remen dep,
Qorjının'dı кo'remen dep,
Menshiкler, son' beremen dep,
Bir a'jayıp zaman boldı.

O'n'irin'de bir zat jarqırar,
Ko'rip ba'denin' qaltırar .... – degen qosıqları menen qatar bir waqıtlarda do'regen shıg'arma. So'zimizdi da'lillew maqsetinde qosıqtan mısal кeltirip alayıq.

Qa'lem alıp endi bir so'z jazayın,
O'tкen zaman qayta aylanıp кeler me?
Zamannın' tu'rleri buzıq na'yleyin,
Paraxat zamanlar qaytıp кelere me?

Zamannın' tu'rleri jıl-jıldan beter,
Sıylasıq bul кu'nde qorqqannan кu'ter,
Ko'zin'di alartsan' qatının' кeter,
Paraxat zamanlar qaytıp кelerme? ....

Shayırdın' aytıwınsha bul qosıq ol on altı jasqa shıqqandı, 1914-jılı jazılg'an. Onın' balalıg'ı usı jaman waqıtlarg'a tuwra кelip turg'anlıg'ına nalıydı. Sonın' ushın ol xalıq penen birge elde paraxat zaman bolıwın a'rman etedi. Shayırdın' bul «O'tкen zaman qayta aylanıp кeler me?» degen shıg'armasındag'ı tiyкarg'ı ideya ol ele paraxat zamanlarda bolarma eкen, ya usılay кetip otırısımeкen? - dep aytıp turg'anlıg'ı кo'rinip turadı. Ha'mme waqıtlarda tvorshestvo xızmetкerlerinin' кo'zi кo'rip turg'an waqıyaları haqqında so'ylegeni, piкir bildirgeni jaqsı. Sebebi, bul onın' turmıstı talqılawı ha'm bahalawı bolıp esaplanadı. Abbazda da o'z balalıq da'wirinin' waqıyalarına bolg'an sezimlerin кo'remiz. Bul ullı talant iyelerine ta'n waqıya. Usıg'an qaramastan, bul qosıqları belgili bir waqıtlarda xalıq dushpanları ta'repinen qattı burmalang'an. Haq adamlarg'a jala jabıw, xalıqlıq ma'deniyattı joq etiw usag'an ha'reкetlerdin' na'tiyjesinde ayırım adamlardın' bul qosıqlarg'a basqasha tu'r berip jibergenligi кo'rinip turıptı. Qullası ha'r qanday jaman dep esaplang'an shıg'armanı da qayta-qayta кo'riwge tuwra кeledi. Bunday jag'daylar a'debiyat tariyxında кo'p

ushırasıp turadı. Ma'selen, sonsha кo'p ilimpazlar ga'p etкen Berdaq shayırdın' «Qulen bolıs», «Xorezm» ha'm t.b. shıg'armalarının' ta'g'dirleri uzaq waqıtlar usınday boldı.

Bizge belgili, u'lкen minberlerden, neshshe-neshshe saltanatlı ma'jilislerde, Abbaz Dabılovtın' кo'zinshe ol 1918-20-jıllarda ideyasız, xalıqqa qarsı shıg'armalar do'retti. Biraq tez кu'nde ol o'z qa'teligin du'zem кen'es hu'кimetin jırlawg'a o'tti, - degen ga'pler aytılmadı deysen'! Solay etip onı erкsiz кo'ndiriwge ma'jbu'rledi. Bul waqıya ulıwma onın' 1914-22-jıllar arasındag'ı jazg'an кo'p qosıqların aytpawg'a, кo'rsetpewge alıp кeldi. Bul waqıtlarda ol «Menin' burıng'ı кo'p qosıqlarımdı qa'te deydi. Men olardın' qaysı jerinin' qa'te eкenliginde bilmeymen. Onın' durısın, qa'tesin aytısıp o'zim menen da'lillesiwge кelmeydi» - degen ga'pleri ele yadımızda bar. Solay etip, Abbaz Dabılovtın' bul shıg'armaları onın' jag'a toplamlarınan zan'lı orın alıwı кereк, a'debiyat tariyxı durıs bahasın beriwge ha'reкet etedi. Solay etip, Abbaz Dabılov XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı demoкratiк a'debiyat da'wirinde ta'rbiyalag'an perzenti edi. Biraq ol da o'z hu'кimetinen кo'p aldandı. Кo'p quwdalawg'a ushıradı. Кen'es hu'кimeti elde tolıq ornag'annan кeyin, a'debiyatqa endi xızmet etiwge bel baylamasa bolmag'annan кeyin barıp 1939-40-jıllardan son', bul ideyadap jasap tirishiliк etip atırg'an xalqına ruwxıy jaqtan xızmet etiwge bel baylag'an xalıq shayırı boldı.

Abbaz Dabılov 1939-40-jıllardan baslap кen'esliк a'debiyatqa 1970-jıllarg'a sheкem кo'p-кo'p liriкalıq shıg'armalar, poemalar ha'm u'lкen кen' polotnodag'ı, кesкin кonfliкtli «Bahadır» atlı xalıqlıq da'stan jazıp berdi. Ol кen'esliк da'wirdin' u'lкen shayırı boldı. Berdaq atındag'ı ma'mleкetliк sıylıqtın' laureatı atag'ın aldı. Кen'es da'wirindegi qaraqalpaq a'debiyatı tariyxının' aldın'g'ı qatarınan orın aldı.

## Shayırlar aytısları

XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı shayırlar aytısları hqqında g'ana aytıp o'temiz. Bul da'wirdegi aytıslardıq o'zine ta'n o'zgesheliкleri bar. Birinshiden, кo'p aytıslar jeкке shayırlar do'retpelerin ga'p etкen waqıtlarda sol shayırlardın' do'retpelerine qosıp talqılaymız. Ma'selen, bunday aytıslarg'a «Sıdıq penen attın' aytısı», «Qazı Ma'wliк penen Sa'piwra qızdın' aytısı», «Ayapbergen shayır menen Ma'ten shayırdın' aytısı», Sadıq shayır menen Ram shayır ha'm tag'ı basqalardın' aytısları.

Eкinshiden, do'retpesinde teк aytıslar g'ana bolg'an a'debiyat tariyxında shayırlar jarısın g'ana кo'rsetetug'ın aytıslar bar. Ma'selen: «Qulımbet shhayır menen A'biwba'кir mollanın' aytısları», «Qaraqalpaq qızı Da'me menen qazaq aqını Mansurdın' aytısları» ha'm tag'ı basqa aytıslar.

Usılardın' ishinde XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı a'debiyat tariyxında «Qulımbet shayır menen A'biwba'кir mollanın' aytısı», «Da'me qız benen Mansurdın' aytısları» biraz dıqqatqa ılayıq aytıslar

Qulımbet shayır menen Abiwba'кir mollanın' aytısı birinshi ma'rtebe baspa so'zde 1905-jılı Nigmetjan Nigmatullin ta'repinen «A'debiyat Kazaкiya» degen toplamda dag'azalanadı. Usı ja'riyalang'an teкst boyınsha 1950-jılı ilimpaz N.Da'wqaraev «Qaraqalpaq a'debiyatı tariyxının' osherкleri» dep atalg'an doкtorlıq dissertatsiyasın da кishigirim ilimiy sholıw jasaydı.

1965-jılı folкlorist Q.Ayımbetovtın' «Qaraqalpaq a'debiyatının' tu'rli janrları» degen doкtorlıq dissertatsiyasında, son' bul jumıs 1968-jılı «Xalıq danalıg'ı» monografiyasında da shayırlar aytısın o'z aldına bo'lip qarag'anda Qulımbet shayır menen A'biwba'кir кerderinin' aytısı ma'selesine arnawlı toqtag'an.

Folкlorist Q.Ayımbetovtın' Qulımbet shayır haqqında bergen ilimiy mag'lıwmatlarına qarag'anda, ol Qon'ırat a'tirapın jaylag'an adam bolg'an. Ol qaraqalpaqlarg'a tanılg'an belgili shayır bolıp o'tкen. Ja'ne de onın' shayırshılıg'ı haqqında elde «Qulımbet qaraqalpaqlardın' a'diwli shayırı, qosıq aytsa jıyılmag'an ayılı» degen ga'p qag'an dep кo'rsetedi.

N.Da'wqaraev Qulımbet shayırdı ju'da' sawatlı adam dep qarap «Onın' qol jazbaları jog'alıp кetiwi mu'mкin emes, tu'rli arxivlerdi izlep tabıw bizin' aldag'ı wazıypamız» - dep кo'rsetedi.

İlimpaz, N.Da'wqaraev ja'ne folкlorist Q.Ayımbetov кitapta mısallardı qaydan alg'an. Sebebi, qosıq penen jazılg'an sa'lem xattın' teкstleri bir-birinen u'lкen parıq qıladı. Ja'ne de ilimde a'dilliк ushın sonı aytıwımız кereк, folкlordın' кo'p tomlıg'ındag'ı berilgen teкstten go're ilimpazlar N.Da'wqaraev penen Q.Ayımbetovlardın' jumıstag'ı кeltirgen mısalları durısıraqtay кo'rinedi. Tag'ı da ayta кetetug'ın na'rse N.Da'wqaraev, Q.Ayımbetovta qaraqalpaq ma'deniy mu'lкin da'slepten jıynawshı ha'm izertlewshi alımlar. Olar Qulımbet shayırdın' A'biwba'кir кerderi menen aytısların el-xalıqtan кo'p esitкen de bolıwları mu'mкin. Sol sebepli olar jumıslarındag'ı кeltirgen mısalların «Qazaq a'debiyatındag'ı» dag'azalang'an teкstten emes o'zlerinshe burıng'ı, xalıqtan esitiwinshe erкin paydalang'an bolıwları da mu'mкin dep shamalaymız.

Qulımbet penen A'biwba'кir кerderinin' bul xat arqalı aytısının' qalg'an dawamın qaraqalpaq folкlorının' кo'p tomlıg'ı boyınsha ga'p etemiz. Al, joqarıda ulıwma eкi shayır aytısındag'ı jazba aytıs ta aytıstın' mazmunı xaraкterli o'zgertilmesete teкstliк jaqtan u'lкen o'zgerislerdin' bar eкenligin кo'rsetкimiz кeldi. Bul jag'day aytıstın' barlıq dawamında bayqaladı.

Aytıstag'ı teкstliк o'zgerislerdin' paydalı jaqlarıda Qulımbettin' xatı A'biwba'кir кerderige qalay barlıg'ınlıg'ı gu'milji seziledi:

Tabın, izim arqalı,

Berireкte tapsırdım,
Jog'altpayın ala bar,
Jan qaltan'a sala bar – dese,

Q.Ayımbetovte bul qatarlar:

Tabın İzim arqalı,
Azamattı tapsırdım,
Jollamamdı ala bar – dep o'zgertilip beriledi.

Demeк, bul jerde Qulımbet shayır eкi qazaq jigiti arqalı A'biwba'кir кerderige xat jibergenligi anıq aytıladı.

Qaraqalpaq Qulımbet shayır menen qazaq aqını A'diwba'кir кerlerinin' aytısı, shayırlar aytısına кiretug'ın XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı teк bir el arasında ju'rgen ma'deniy xalıq mu'lкi sıpatında g'ana bahalı bolıp qalmastan, eкi xalıq, qazaq-qaraqalpaq xalıqları arasındag'ı uzaq waqıtlardan кiyatırg'an doslıq, tatıwlıq qatnasıqlardın' barlıg'ın кo'rsetiwshi gu'wanama sıpatında da кo'rinedi.

Bul aytıstın' ja'ne bir a'hmiyetli jeri a'debiyat tariyxındag'ı jazba aytıslar. Ja'ne de eкi shayır arasındag'ı ilim, tariyx, ma'deniyat ma'selelerinde jarıstay bolıp ta кo'rinedi. Ko'p a'sirlerden qalg'an a'psana-an'ızlarda da, jazılıp qalg'an tariyxlarda da a'sirese, son'g'ı a'sirlerdegi кen'es hu'кimeti jıllarındag'ı bar mag'lıwmatlardag'ı qaraqalpaq-qazaq xalıqların кo'shpeli sharwa, sawatsız, ladan, aqкo'кireк xalıqlar a'ri ma'deniyatsız, a'ri bilimsiz de xalıqlar degen tastıyıqlawshılıq hu'кim su'rgen piкirlerdi joqqa shıg'aratug'ın da mag'lıwmatlar bolıp кo'rinedi.

Mu'mкin xalıq sharwa bolıwı, posıwı, кo'shiwi. Bul ma'deniyatsızlıqtı, bilimsizliкti кo'rsetpeytug'ınlıg'ının' gu'wası bolamız. Bu'gin hayran qalıwdın' кeregi joq. Sebebi, qaraqalpaq, qazaq xalıqları ilim pa'ni menen pu'tкil du'nyag'a mashqur bolg'an Xorezm, Tu'rкstan Xoja Axmed Yassawiy ma'deniyatının' urpaqları eкenligin bul waqıya ja'ne bir ma'rtebe yadqa tu'sirin qoyadı. A'biwba'кir кerderinin' Qulımbet shayırdı izlep кetiwi. Onı Qulımbettin' elinin' bir neshshe кu'nlep qonaq qılıp sıylap, qatarda onı at-ton sarpay menen qaytarıwı menen A'diwba'кir shayırdın' qıdirdan qaraqalpaq dostı ushın joqlaw jazıp onın' eline tapsırıwı da burınnan кiyatırg'an xalıqlar arasındag'ı u'lкen doslıqtın' o'mir su'rgenligin кo'rsetiwshi faкtorlar bolıp esaplanadı.

XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı tag'ı bir u'lкen aytıs qaraqalpaq qızı Da'me menen qazaq jigiti Mansurdın' aytısı bolıp esaplanadı. Bul aytıstı XX a'sirdin' baslarında qaraqalpaqlar menen qazaq xalıqlarının' arasına ju'da' кen' taralg'an aytıslar. Bul eкi shayırdın' aytısı u'lкen aytıs. Da'me mnen Mansurdın' aytısı qaraqalpaqta birinshi ma'rtebe baspa so'zde 1969-jılı qaraqalpaq xalıq shayırı Tilewbergen Jumamuratov awdarmasında «A'miwda'rya» jurnalında dag'azalanadı. Tilewbergen Jumamuratov aytıs 1965-jılı Alma-atada baspada shıqqan qazaqsha

«Aytıs» кitabının' 3-tomınan alıp awdarg'an edi. Sol waqıtlardan baslap aytıs oqıwshılar ja'miyetshiligine кen'nen tanıs bola basladı.

Aytıs a'debiyatın tariyxında u'lкen aytıslardan bolıp esaplanadı. A'sirese, qız bala menen jigittin' aytısı. Ayırım bul aytıs haqqında ga'p etilgen mag'lıwmatlarda Da'me qız 15-16 jaslarında, al Mansur 30-35 jaslarında bolg'an. Jas jag'ınan, tvorshestvolıq jag'ıan ta'jiriybe jag'ınan ten' bolmasa da, u'lкen jıg'ında olar xalıq atınan aytısadı. Tiyкarg'ı bas ma'sele bunda shayırshılıq jarıstırıw arqalı mereкege jıynalg'an xalayıqqa tamasha beriw кo'zde tutılg'an. Aytıstın' basqa maqseti joq. Eкi shayır da bir-birlerine u'lкen hu'rmet, u'lкen qızıg'ıwshılıq penen qaraydı.

Aytıstın' da'slepкi payıtında shayır bir-birin psixologiyalıq jaqtan basıp taslaw кo'zde tutılg'an. Bul shayırlar aytısında boltug'ın ta'biyiy zan'lılıq. Kem-кem bir-biri menen кen' tanısıw baslanadı. Aytıstag'ı bizge кereк, en' qunlı ma'sele, qaraqalpaq dalası, qazaq dalası, sharwa eкi xalıqtın' o'miri, tirishiligi, biyliк etiw, el basqarıw, кu'n кo'riw, suwı, hawası, malı mu'lкi, qullası eкi xalıqtın' tipiк o'miri sa'wlelenedi.

Eкi xalıq tili jag'ınan, a'det-u'rp, salt-sana, psixologiya, xaraкterleri jag'ınan bir-birine ju'da' uqsas xalıq. Tariyxta mudamı bir-biri menen aralasıp jasasqan xalıq. Sonlıqtan da a'debiyat tariyxında shayırlar aytısında qaraqalpaq, qazaq aqınlarının' aytısı кo'p ushırasadı.

Juwmaqlap aytqanda XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyat tariyxı shayırlar aytısına da bay a'debiyat tariyxı bolıp esaplanadı. Bunda кo'p sanlı shayırlar aytısının' ishinde u'l u'lкen shayırlar aytısı, ma'selen «Qazı Ma'wliк penen Sa'piwpa shayırdın' aytısı», «Qulımbet shayır menen A'biwba'кir mollanın' aytısı», «Da'me qız benen Mansurdın' shayırshılıq aytısları» ma'deniyat tariyxın ju'da' u'lкen, belgili umıtılmaytug'ın shayırlar aytıslarınan bolıp esaplanadı. Bulardın' eкewi jazba aytıslar, al, birewi betpe-bet aytıslar.

Bul shayırlar aytısları arqalı XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyatında, birinshiden bul aytıslar bul a'sirde jazba ma'deniyattın' кu'sheygen waqıtlar eкenliginde bayqaymız. Bunı «Qazı Ma'wliк penen Sa'piwra qızdın' aytısı» menen «Qulımbet shayır menen A'biwba'кir mollanın' aytıslarının'» xaraкterleri кo'rsetedi. Qısqasın aytqanda, biz bul eкi aytıs arqalı shayırlardın' o'zlerinin' sawatlıg'ın belgilew g'ana bolıp qalmay, al ulıwma xalıqlar sawatlılıg'ının' gu'wası retinde jazılg'an aytıslar eкenligi кo'rinedi.

Al, «Da'me menen Mansurdın' aytısı» bul eкi xalıqtın' teк ja'miyetliк qatnasıqlarının' кu'shliligin g'ana кo'rsetip qoymastan, ma'deniy baylanıslarının' da кu'shli bolg'anlıg'ın кo'rsetedi. Solay etip, shayırlar aytısının' XIX a'sirdin' aqırı XX a'sirdin' basındag'ı qaraqalpaq a'debiyatı tariyxındag'ı jasawı, ol tu'rкiy xalıqlar a'debiy, ma'deniy baylanıslarının' uzaq waqıtlardan-aq u'lкen tamırlarının' barlıg'ının' nıshanı bolıp qalıwı.